



COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

Konsèy sou Lisans pou Egzèsè

jen 2021

Komisyon Kontwòl Kanabis Massachusetts

Steven J. Hoffman, Prezidan

Nurys Camargo, Komisè

Ava Callender Concepcion, Komisè Bruce

Stebbins, Komisè

Shawn Collins, Direktè Egzekitif

Sa ki Nan Dokiman sa a

I.	Entwodiksyon.....	6
II.	Kalite Lisans & Limit yo.....	7
	Sant Tretman Marigwana Medikal (STM)	7
	Kiltivatè Marijuana	7
	Koperativ Atizanal Marigwana	9
	Fabrikan pwodui abaz marigwana.....	9
	Revandè Marigwana.....	9
	Transpòtè Titilè Lisans ki Egziste deja	9
	Transpòtè Tyès-Pati.....	9
	Sant Rechèch sou Marigwana	10
	Laboratwa Tès Endepandan (LTE)	10
	Laboratwa Tès Estanda	10
	Mikwo-Antrepriz.....	10
	Titilè Lisans Transpò Marigwana	11
	Titilè Lisans Operatè Livrezon Marigwana	11
	Sant Konsomasyon Sosyal	12
	Andòsman Livrezon	12
	Limit sou Lisans ak Andòsman.....	13
III.	Frè Aplikasyon, Lisans, ak Chanjman Lisans	15
	Frè Itilizasyon pou Granmoun.....	16
	Egzansyon Frè	17
	Frè pou Itilizasyon Medikal	18
	Lòt Frè ki Asosye ak Lisans yo.....	18
IV.	Apèsi sou Lisans yo.....	19
	Pwosesis Aplikasyon pou Lisans	19
	Aplikasyon pou Lisans—Seksyon Aplikasyon Entansyon	20

Moun ak Antite Obligatwa yo.....	20
Divilgasyon Enterè nan Leta yo.....	21
Divilgasyon Enterè Andeyò Leta yo.....	21
Resous Envestisman.....	21
Obligasyon oswa Kont ansekès.....	22
Idantifikasyon Pwopriyete ak Dokimantasyon Enterè	23
Sètifikasyon Akò avèk Kominote Akèy la.....	24
Atestasyon ak Dokimantasyon Reyinyon Sansibilizasyon Kominotè	24
Plan pou Rete an Konfòmite ak Òdonans Lokal yo.....	26
Plan pou gen Enpak Pozitif sou Moun ki Sibi Domaj yon fason Dispwoòsyone	26
Frè Aplikasyon.....	27
Aplikasyon pou Lisans—Seksyon Verifikasyon Antesedan.....	27
Enfòmasyon sou Verifikasyon Antesedan	27
Fòm Otorizasyon Antesedan	28
Aplikasyon pou Lisans—Seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon.....	29
Enfòmasyon sou Biznis, Atik Òganizasyon, ak Règleman Entèn.....	29
Sètifika Bòn Konduit.....	29
Plan Biznis, Plan Asirans Responsablite, & Pwopozisyon Kalandriye	30
Rezime Plan Operasyon, Règleman, ak Pwosedi	30
Plan Divèsite	32
Aplikasyon pou Lisans—Kondisyon Adisyonèl pou Sèten Kalite Lisans.....	33
STM yo.....	33
Kiltivatè Marigwana.....	34
Koperativ Marigwana Atizanal	34
Fabrikan Pwodui abaz Marigwana.....	35
Mikwo-antrepriz Marigwana.....	35
Detayan Marigwana	35
Laboratwa Tès Endepandan	36

Transpòtè Marigwana.....	36
Operatè Livrezon Marigwana.....	37
Etablisman Konsomasyon Sosyal	38
Aplikasyon Lisans pou Transpòtè Marigwana, Operatè Livrezon Marigwana, ak Etablisman Konsomasyon Sosyal	38
Aplikasyon Pre-Sètifikasyon.....	39
Aplikasyon pou Lisans Pwovizwa	40
Òdonans Revizyon	40
Aplikasyon Priyorite	41
Aplikasyon Akselere	41
Aplikasyon Jeneral	42
Reponn a yon Demann Enfòmasyon (RDE)	42
Aplikasyon yo Jije Konplè	43
Pwosesis Lisans.....	44
Lisans Pwovizwa pou Egzèse	44
Lisans Definitif pou Egzèse	46
Kòmansman Operasyon yo	47
V. Renouvèlman Lisans	47
Kondisyon pou Renouvèlman Lisans.....	47
Kesyon ak Repons sou Renouvèlman Lisans.....	50
VI. Chanjman Lisans	53
VII. Konfòmite ak Aplikasyon	55
VIII. Anèks.....	56
Anèks A: Òganigram Lisans pou Egzèse.....	56
Anèks B: Lis Verifikasyon Aplikasyon pou Lisans	58
Seksyon Aplikasyon Entansyon	58
Seksyon Verifikasyon Antesedan.....	59
Seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon.....	59

Seksyon Frè Aplikasyon.....	60
Kesyon?	60

I. Entwodiksyon

Komisyon Kontwòl Kanabis la (Komisyon) kontwole Titilè Lisans ki opere nan mache legal marigwana pou granmoun ak itilizasyon medikal nan Massachusetts. Sa gen ladann egzamine aplikasyon yo epi bay lisans pou Etablisman Marigwana pou granmoun itilize (EM) ak Sant Tretman Marigwana Medikal (STM yo), ki te rele oparavan Dispensè Marigwana Anrejistre (DMA).

Objektif Komisyon an se pou konsèy sa yo ede aplikan yo ak titilè lisans yo navige nan pwosesis aplikasyon ak livrezon lisans yo, epi rete konfòm ak lwa, règleman ak politik ki aplikab yo, ki gen ladan sa ki annapre yo:

- St. 2017, c. 55, Yon Lwa pou Asire Aksè san Danje nan Marigwana
- GL c. 94G, Règleman sou Itilizasyon ak Distribisyon Marigwana ki pa Preskri Medikalman
- GL c. 94I, Itilizasyon Medikal Marigwana
- Règleman
 - 935 CMR 500.000: Itilizasyon Marigwana pou Granmoun
 - 935 CMR 501.000: Itilizasyon Medikal Marigwana
- Dokiman Konsèy yo

Tanpri sonje ke aplikan yo ak titilè lisans yo oblije rete okouran de lwa, règleman, ak politik ki gouvènè lisans pou egzèsè yo. Aplikan yo ak titilè lisans yo responsab pou egzamine revizyon yo nan dokiman sa a ofiamezi chanjman nan lwa, règleman, ak politik yo ka rive.

Pou Enfòmasyon Ou

Kèk bagay ou dwe konsyan de yo lè w ap aplike pou vin yon titilè lisans:

- *Komisyon an egzamine aplikasyon pou lisans nan yon sèten lòd ki tabli pa règleman yo. Yon premye egzamen aplikasyon w lan ka pa fèt touswit paske lòt aplikasyon yo ka gen priyorite oswa egzamen rapid.*
- *Komisyon an pral fè aplikan yo ak titilè lisans yo konnen tout pwochen etap yo— tanpri pa pran pwochen etap yo anvan yo mande w fè sa.*

Tanpri asire w ke tout demann enfòmasyon yo satisfè konplètman pou diminye tan pou jwenn lisans lan, si sa apwopriye.

Konsèy sa yo pa konsèy jiridik. Si w gen lòt kesyon konsènan kondisyon legal pou lisans nan Commonwealth la, nou ankouraje w pou w konsilte yon avoka.



II. Kalite Lisans ak Limit yo

Aplikasyon yo ka detèmine ki kalite lisans yo vle jwenn lè yo detèmine dabò ki kalite biznis marigwana yo vle opere. Pa egzanp, yon aplikasyon ki vle kiltive marigwana gen omwen kat (4) opsyon diferan selon si li vle opere nan mache pou granmoun oswa pou itilizasyon medikal ak fason li vle opere biznis li a:

- Aplikasyon ki vle kiltive marigwana pou granmoun yo ka aplike pou youn nan twa (3) lisans EM yo: Lisans Kilti Marigwana, Lisans Koperativ Marigwana Atizanal, oswa Lisans Mikwo-antrepriz. Plis enfòmasyon sou chak kalite lisans yo disponib anba a.
- Aplikasyon ki vle ede pasyan ki anrejistre ak marigwana medikal ka jwenn yon lisans STM, ki pral pèmèt yo kiltive, pwodui, distribiye, ak livre marigwana bay pasyan ki anrejistre yo ak moun k ap bay swen yo.

Sant Tretman Marigwana Medikal (STM) 7

Yon Sant Tretman Marigwana Medikal, yo rele souvan STM, se yon antite ki gen lisans dapre règleman medikal yo. Yon STM achte, kiltive, posede, trete, transpòte, vann, distribiye, livre, oswa administre marigwana, pwodui ki gen kanabis oswa marigwana, founiti ki konsène yo, oswa materyèl edikatif bay pasyan kalifye ki anrejistre oswa moun k ap bay swen pèsònèl yo pou itilizasyon medikal. Yo souvan rele kalite lisans sa lisans vètikal entegre paske li pèmèt epi mande pou titilè lisans la fè tout operasyon ki asosye yo.

STM yo ka livre marigwana ak pwodui abaz marigwana dirèkteman bay pasyan yo ak moun k ap bay swen apre yo fin resevwa apwobasyon Komisyon an.

Kiltivatè Marigwana

Yon Kiltivatè Marigwana ka kiltive, trete, ak fè pake marigwana, pou transfere marigwana bay lòt ME, men pa bay konsomatè yo. Kiltivatè yo dwe chwazi nan ki nivo yo pral ye nan detèmine kanope total yo pral kiltive. Kanope se yon zòn yo kalkile an pye kare epi yo mezire l nan sèvi avèk limit ki klèman idantifye tout zòn (yo) ki pral genyen plant a flè ak/oswa plant vejetatif ki gen plis pase 8 pous wotè ak 8 pous lajè nan nenpòt moman. Nivo ki disponib yo enkli bagay sa yo:



Nivo	Gwosè Kanope yo Otorize
1	jiska 5,000 pye kare
2	5,001 a 10,000 pye kare.
3	10,001 a 20,000 pye kare.
4	20,001 a 30,000 pye kare.
5	30,001 a 40,000 pye kare.
6	40,001 a 50,000 pye kare.
7	50,001 a 60,000 pye kare.
8	60,001 a 70,000 pye kare.
9	70,001 a 80,000 pye kare.
10	80,001 a 90,000 pye kare.
11	90,001 a 100,000 pye kare.

Yon Kiltivatè Marigwana ka soumèt yon aplikasyon pou chanje nivo kote li klase a. Yon fwa li gen lisans pwovizwa, yon titilè lisans ka volontèman regle nivo li a. Sepandan, si yon titilè lisans mande pou elaji nivo li, li dwe demontre ke pandan li ap opere nan somè nivo li a, li te vann 85% nan pwodui li yo yon fason konstan pandan sis (6) dènye mwa yo. Se poutèt sa, yon aplikan ta dwe asire nivo li chwazi a apwopriye jiskaske li kapab demontre li ranpli kondisyon sa a paske li ka pa kapab elaji anvan omwen sis (6) mwa apre li resevwa yon avi pou kòmanse operasyon yo.

Nan sa ki konsène renouvèlman yon lisans kiltivatè Marigwana, Komisyon an pral revize dosye titilè lisans lan epi li ka diminye nivo titilè lisans lan si li te vann mwens pase 70% sa li te pwodui pandan sis (6) mwa anvan aplikasyon pou renouvèlman an. (kiltivatè andedan) oswa pandan sezon rekòt la anvan aplikasyon an pou renouvèlman (kiltivatè deyò). Gen kèk faktè ke Komisyon an ka konsidere nan diminye nivo yon kiltivatè marigwana ki gen ladan sa ki annapre yo:

- Istwa kilti ak pwodiksyon, ki gen ladan tout evènman katastwofik ki te ka rive;
- Istwa peman taks transfè, vant ak enpo endirèk;
- Envantè ki egziste deja ak istwa envantè;
- Kontra lavant; epi
- Tout lòt faktè ki gen pou wè ak asire kilti, pwodiksyon, ak jesyon estòk responsab.



Koperativ Marigwana Atizanal

Yon Koperativ Marigwana Atizanal se yon kalite Kiltivatè Marigwana ki ka kiltive, jwenn, fabrike, trete, anbale, epi make marigwana ak pwodui abaz marigwana yo pou transpòte marigwana nan EM yo, men pa bay konsomatè yo.

Yon Koperativ Marigwana Atizanal pa limite a yon kantite kote patikilye yo fè kilti, men li limite a 100,000 pye kare ototal ak twa (3) kote pou aktivite yo otorize pou Fabrikan Pwodui abaz Marigwana. Yon Koperativ Marigwana Atizanal dwe opere dapre sèt prensip koperativ ki pibliye pa International Cooperative Alliance an 1995 (<https://www.ica.coop/en/cooperatives/cooperative-identity>).

Fabrikan Pwodui abaz Marigwana

Yon Fabrikan Pwodui abaz Marigwana se yon antite ki otorize pou jwenn, fabrike, trete ak anbale marigwana ak pwodui abaz marigwana, pou transpòte marigwana ak pwodui abaz marigwana nan EM yo, epi transfere marigwana ak pwodui abaz marigwana nan lòt EM yo, men pa bay konsomatè yo.

Detayan Marigwana

Yon Detayan Marigwana se yon antite ki gen otorizasyon pou achte, reanbale, mete etikèt an blan, ak transpòte marigwana oswa pwodui abaz marigwana nan EM yo, epi vann, reanbale oswa transfere marigwana ak pwodui abaz marigwana nan lòt EM yo epi vann bay konsomatè yo.

Yon Detayan Marigwana bay yon kote ki vann an detay ki ka aksesib pou konsomatè ki gen 21 ane oswa plis, si detayan an nan menm lokal ak yon STM, pou moun ki anrejistre tou kòm pasyan ki kalifye oswa moun k ap bay swen pèsònèl. Si li pa gen lisans apa tou kòm Etablisman Konsomasyon Sosyal, moun pa dwe konsome marigwana nan lokal la.

Transpòtè Titilè Lisans ki Egziste deja

Yon EM ki otreman lisansye pa Komisyon an epi tou ki gen lisans pou achte, jwenn, ak posede Marigwana oswa Pwodui abaz Marigwana sèlman nan objektif pou transpòte, estoke tanporèman, vann ak distribye sou non lòt EM oswa STM bay lòt etablisman, men pa bay konsomatè yo.

Transpòtè Endepandan

Yon Transpòtè Marigwana se yon antite ki ka sèlman transpòte marigwana oswa pwodui abaz marigwana epi li pa genyen yon lòt lisans EM epi li pa gen lisans kòm yon STM. Yon Transpòtè Endepandan gen pèmisyon pou



transpòte marigwana ak pwodui abaz marigwana ant EM yo epi ant STM yo.

Sant Rechèch sou Marigwana

Yon Titilè Lisans Sant Rechèch Marigwana oswa yon Titilè lisans pou Rechèch se yon enstitisyon akademik, yon sosyete ki pa fè pwofi, yon sosyete domestik, oswa yon antite ki otorize pou fè biznis nan Massachusetts. Yon Sant Rechèch Marigwana ka kiltive, achte, oswa otreman fè akizisyon marigwana nan objektif pou fè rechèch konsènan marigwana ak pwodui abaz marigwana si titilè lisans lan posede yon lisans konsa (tankou Kiltivatè Marigwana, Fabrikan Pwodui abaz Marigwana, Detayan Marigwana, yon Mikwo-antrepriz oswa yon lisans Koperativ Marigwana Atizanal) pou fè sa oswa yo gen dwa fè sa avèk yon pèmi rechèch ki apwouve si kilti a oswa pwosesis fabrikasyon pwodui a se sijè rechèch li yo.

Tout titilè lisans nan Sant Rechèch Marigwana yo oblije jwenn yon Pèmi Rechèch pou chak pwojè rechèch endividyèl. Pèmi Rechèch yo se sètifika ki endike apwobasyon Komisyon an pou fè yon pwojè rechèch espesifik sou yon peryòd tan detèmine ak limite. Yon aplikasyon separe ak kondisyon aplikasyon yo aplike pou chak Pèmi Rechèch.

Laboratwa Tès Endepandan (LTE)

Yon Laboratwa Tès Endepandan, ke yo souvan rele yon LTE, se yon antite ki pa genyen okenn lòt kalite lisans EM/STM epi ki akredite kòm sadwa pou fè tès an konfòmite ak kondisyon estrik pwotokòl Komisyon an pou teste marigwana ak pwodui abaz marigwana yo.

LTE ki gen lisans yo ka teste marigwana ak pwodui abaz marigwana nan mache pou granmoun ak itilizasyon medikal yo.

LTE yo dwe akredite nan Òganizasyon Entènasyonal pou Normalizasyon (ISO) 17025 ki pi resan an pa yon òganis akreditasyon tyès-pati ki se yon siyatè Aranjman Rekonesans Mityèl Koperasyon Entènasyonal Laboratwa Akreditasyon (ILAC) anvan lisans definitif la. Anplis de sa, LTE yo, ak moun ak antite ki asosye ak li yo, dwe endepandan finansyèman de tout STM oswa EM ki gen lisans.

Laboratwa Tès Estanda

Yon Laboratwa Tès Estanda yo se yon antite ki otreman ta kalifye pou l vin yon Laboratwa Tès Endepandan, men ki pito fè tès avèg pou verifye rezilta yon Laboratwa Tès Endepandan sou demann Komisyon an.

Mikwo-antrepriz

Yon Mikro-antrepriz se yon Kiltivatè Marigwana Nivo 1, ak/oswa Fabrikan Pwodui abaz Marigwana ki limite pou achte 2,000 liv marigwana nan men lòt EM yo nan yon (1) ane.



Yon titilè lisans mikwo-antrepriz pa kapab yon moun oswa yon antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk pou okenn lòt EM eksepte yon Sant Konsomasyon Sosyal. Fòk majorite dirijan oswa manm Mikwo-antrepriz la te abite nan Massachusetts pandan omwen 12 mwa anvan aplikasyon an. Mikwo-antrepriz la ka aplike pou yon apwobasyon livrezon ki ta pèmèt titilè lisans lan vann ak livre marigwana oswa pwodui abaz marigwana yo ki fèt nan lokal li ki gen lisans la dirèkteman bay konsomatè yo.

Titilè Lisans Transpò Marigwana

Yon titilè lisans transpò marigwana kapab livre marigwana oswa pwodui abaz marigwana yo dirèkteman bay konsomatè oswa pasyan yo nan yon adrès rezidansyèl detayan marigwana oswa Sant Tretman Marigwana Medikal ke Transpòtè Marigwana a gen yon akò livrezon ak li a. Yon akò livrezon defini kondisyon komèsyal akò yo a, ansanm ak pwosedi pou pre-verifikasyon konsomatè k ap resevwa livrezon yo. Yon Transpòtè Marigwana se pa yon detayan epi li pa dwe gen yon kote pou vann an detay ki aksesib pou piblik la sof si li gen lisans tou kòm detayan marigwana. Livrezon marigwana oswa pwodui ki fèt ak marigwana yo limite a sa ki annapre yo:

- minisipalite adrès antrepriz transpòtè marigwana a;
- minisipalite ki otorize operasyon detayan marigwana yo; epi
- minisipalite ki opte pou livrezon yo (sa vle di tout minisipalite ki, apre li fin resevwa avi Komisyon an, te avèti Komisyon an ke livrezon ka fèt sou teritwa li).

Yon lisans transpòtè Marigwana ap rezève eksklizivman pou biznis ki kontwòle pa majorite pwopriyetè ki gen ladann Aplikan pou Priorite Otonomizasyon Ekonomik ak/oswa Patisipan Pwogram Ekite Sosyal pou yon peryòd omwen 36 mwa apati dat premye Operatè Livrezon Marigwana a resevwa yon avi pou kòmanse operasyon yo.

Tanpri sonje ke Komisyon an pral kolekte done ak enfòmasyon pandan peryòd sa a. Komisyon an pral evalye si objektif inisyativ sa a te reyalize epi, si se pa sa, li ka pwolonje peryòd eksklizivite a.

Operatè Livrezon Marigwana ki Titilè lisans

Yon Operatè Livrezon Marigwana ka achte marigwana an gwo ak estoke marigwana fini oswa pwodui abaz marigwana li achte nan men yon Kiltivatè Marigwana, Fabrikan Pwodui abaz Marigwana, Mikwo-antrepriz oswa Koperativ Marigwana Atizanal, epi vann ak livre dirèkteman bay konsomatè yo. Yon Operatè Livrezon Marigwana ki titilè lisans pa konsidere kòm yon detayan dapre règleman Komisyon an, men li dwe respekte tout kondisyon Depatman Revni an ki aplikab pou lavant an detay.



Yon Operatè Livrezon Marigwana ki titilè lisans ap limite eksklizivman a biznis ki kontwole pa majorite pwopriyetè ki gen ladann Aplikasyon Priyorite Otonomizasyon Ekonomik ak/oswa Patisipan Pwogram Ekite Sosyal pou yon peryòd omwen 36 mwa apati dat premye Operatè Livrezon Marigwana a resevwa yon avi pou kòmanse operasyon yo.

Tanpri sonje ke Komisyon an pral kolekte done ak enfòmasyon pandan peryòd sa a. Komisyon an pral evalye si objektif inisyativ sa a te reyalize epi, si se pa sa, li ka pwolonje peryòd eksklizivite a.

Etablisman Konsomasyon Sosyal

Etablisman Konsomasyon Sosyal vle di yon antite ki gen lisans pou vann marigwana oswa pwodui abaz marigwana epi pèmèt konsomatè yo konsome marigwana oswa pwodui abaz marigwana sèlman nan lokal li yo. Aplikasyon pou lisans sa a pral disponib sèlman apre yo fin chwazi sis (6) kominote pou patisipe nan Pwogram Pilòt Konsomasyon Sosyal Komisyon an.

Lisans Etablisman Konsomasyon Sosyal yo rezève eksklizivman pou biznis ki kontwole pa majorite pwopriyetè ki gen ladan Aplikasyon Priyorite Otonomizasyon Ekonomik oswa Patisipan Pwogram Ekite Sosyal, Mikwo-antrepriz, ak Koperativ Marigwana Atizanal pou yon peryòd omwen 36 mwa apati dat premye Etablisman Konsomasyon Sosyal la resevwa yon avi pou kòmanse operasyon yo.

Tanpri sonje ke Komisyon an pral kolekte done ak enfòmasyon pandan peryòd sa a. Komisyon an pral evalye si objektif inisyativ sa a te reyalize epi, si se pa sa, li ka pwolonje peryòd eksklizivite a.

Apwobasyon Livrezon

Anplis de kalite lisans yo diskite pi wo a, Komisyon an ka apwouve Apwobasyon Livrezon pou EM ki kalifye yo. Yon apwobasyon livrezon otorize titilè lisans la pou l vann ak livre marigwana ak pwodui abaz marigwana dirèkteman apati de etablisman ki lisansye a bay konsomatè yo. Apwobasyon sa a disponib aktyèlman pou EM ki gen lisans antanke Mikwo-antrepriz epi ki kontwole pa majorite pwopriyetè ki gen ladan Aplikasyon Priyorite Otonomizasyon Ekonomik ak/oswa Patisipan Pwogram Ekite Sosyal pou yon peryòd omwen 36 mwa apati dat premye Operatè Livrezon Marigwana a resevwa yon avi pou kòmanse operasyon yo.

Tanpri sonje ke Komisyon an pral kolekte done ak enfòmasyon pandan peryòd sa a. Komisyon an pral evalye si objektif inisyativ sa a te reyalize epi, si se pa sa, li ka pwolonje peryòd eksklizivite a.

Limit Lisans ak Apwobasyon yo

Jan sa te diskite anvan, tout tip lisans yo gen limit sou kantite lisans yon moun oswa yon antite ka posede, Yo ka aplike restriksyon adisyonèl pou sèten kalite lisans. Griy ki anba a ap itil lè y ap



detèmine ki kalite lisans pou chwazi nan moman aplikasyon an, epi pou konprann limit kalite lisans yo.

Pou Enfòmasyon Ou

Tablo ki anba a sèvi ak tèms ki defini espesifikman, pa egzanp, moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk. Pifò tèms yo pral defini nan règleman Komisyon an nan seksyon 935 CMR 500.002 ak 501.002. Si ou rankontre yon tèms ou pa konnen siyifikasyon li, tanpri chèche siyifikasyon an nan seksyon definisyon ki nan règleman yo.

Kalite	Limit yo	Limitasyon Adisyonèl
STM	Yo pa dwe bay okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk plis pase twa (3) lisans STM.	Yon STM ka jwenn lisans EM, sepandan, okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk pa dwe benefisye plis pase yon total 100,000 pye kare kanope ant lisans sa a ak lisans kiltivatè marigwana pou granmoun itilize. Plafon kanope 100,000 pye kare a aplike pou tout kalite lisans oswa konbinezon kalite lisans Komisyon an bay.
Kiltivatè Marigwana	Yo pa dwe bay okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk plis pase twa (3) lisans.	Yo pa dwe bay okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk plis pase 100,000 pye kare kanope ant lisans sa a ak yon lisans STM.
Koperativ Marigwana Atizanal	Koperativ Marigwana Atizanal yo limite a yon (1) lisans.	Manm yo pa kapab moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk nan nenpòt lòt EM. Yo pa dwe entèprete restriksyon sa a kòm yon entèdiksyon pou titilè lisans aplike pou Detayan Marigwana, Transpòtè titilè lisans Ki egziste, Rechèch Marigwana oswa Etablisman Konsomasyon Sosyal ki gen Lisans.
Laboratwa Tès Estanda	Yo pa dwe bay okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk plis pase twa (3) lisans.	Okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk pa dwe gen yon lòt kalite lisans STM oswa EM.



Mikwo-antrepriz	Yo pa dwe bay okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk plis pase twa (3) lisans.	Titilè lisans lan (yo) pa dwe yon moun oswa yon antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk pou nenpòt lòt EM eksepte yon mikwo-antrepriz ki ka gen yon apwobasyon livrezon oswa gen yon lisans pou etablisman konsomasyon sosyal, akondisyon lisans yo rezève eksklizivman pou biznis ki kontwole pa yon patisipasyon majorite ki konpoze de Aplikan Priorite pou Otonomizasyon Ekonomik oswa Ekite Sosyal Patisipan nan pwogram yo.
Transpòtè Tyès-Pati	Yo pa dwe bay okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk plis pase twa (3) lisans.	Antite a pa dwe genyen okenn lòt kalite lisans, sepandan, moun ak lòt antite ki asosye ak lisans lan ka gen enterè nan lòt kalite lisans.
Transpòtè Titilè Lisans ki Egziste deja	Yo pa dwe bay okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk plis pase twa (3) lisans.	Antite a dwe genyen yon lòt kalite lisans.
Transpòtè Marigwana	Okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk pa dwe benefisye plis pase (2) de kalite lisans livrezon.	Yon lisans Transpòtè Marigwana ap limite eksklizivman a biznis ki kontwole pa epi avèk pwopriyete majorite ki gen ladann Aplikan pou Priorite Otonomizasyon Ekonomik ak/oswa Patisipan Pwogram Ekite Sosyal pou yon peryòd omwen 36 mwa apati dat premye Operatè Livrezon Marigwana a resevwa yon avi pou kòmanse operasyon yo.
Operatè Livrezon Marigwana	Okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk pa dwe benefisye plis pase (2) de kalite lisans livrezon.	Yon lisans Transpòtè Marigwana ap limite eksklizivman a biznis ki kontwole pa epi avèk pwopriyete majorite ki gen ladann Aplikan pou Priorite Otonomizasyon Ekonomik ak/oswa Patisipan nan Pwogram Ekite Sosyal pou yon peryòd omwen 36 mwa apati dat premye Operatè Livrezon Marigwana a resevwa yon avi pou kòmanse operasyon yo.



Etablisman Konsomasyon Sosyal	Okenn moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk pa dwe benefisye plis pase twa (3) lisans.	Lisans yo dwe limite eksklizivman a biznis ki kontwole pa epi avèk pwopriyete majorite ki konpoze ak Aplikan pou Priorite Otonomizasyon Ekonomik oswa Patisipan Pwogram Ekite Sosyal, Mikwo-antrepriz ak Koperativ Marigwana Atizanal, pou yon peryòd 36 mwa apati dat premye Etablisman Konsomasyon Sosyal la resevwa yon avi pou kòmanse operasyon yo.
Apwobasyon Livrezon		Yon apwobasyon livrezon pa yon lisans. Yon Mikwo-antrepriz ki kontwole pa epi avèk pwopriyete majorite ki konpoze ak Aplikan Priorite Otonomizasyon Ekonomik oswa Patisipan nan Pwogram Ekite Sosyal ka aplike epi jwenn apwobasyon.

III. Frè Aplikasyon, Lisans, ak Chanjman Lisans

Aplikan yo ak titilè lisans yo dwe peye frè pou plizyè aktivite, kèk ladan yo enkli sa ki annapre yo:

- Yon frè aplikasyon lè w ap aplike pou yon lisans;
- Yon frè lisans lè yo apwouve pou yon lisans pwovizwa;
- Yon frè pou yon Demann Egzamen Achitektiral;
- Frè lisans anyèl la lè w ap renouvle yon lisans;
- Lè w ap mande yon chanjman lokal, non, pwopriyete/kontwòl, oswa bati oswa renove yon estrikti ki egziste deja;
- Lè w ap aplike pou vin yon moun Tribinal Nonmen yon fason Pre-apwouve; epi
- Lè w ap chèche pre-apwobasyon pou anbalaj ak etikèt.



Frè Itilizasyon pou Granmoun

Frè aplikasyon ak lisans itilizasyon pou granmoun yo konsa:

Kalite Lisans yo	Frè aplikasyon (andedan/deyò)	Frè Lisans Anyèl (andedan/deyò)
<p>Kiltivatè marigwana (andedan oswa deyò)</p> <p>Nivo 1: jiska 5,000 pye kare Nivo 2: 5,001 a 10,000 pye kare.</p> <p>Nivo 3 :10,001 a 20,000 pye kare.</p> <p>Nivo 4: 20,001 a 30,000 pye kare.</p> <p>Nivo 5: 30,001 a 40,000 pye kare.</p> <p>Nivo 6: 40,001 a 50,000 pye kare.</p> <p>Nivo 7: 50,001 a 60,000 pye kare.</p> <p>Nivo 8: 60,001 a 70,000 pye kare.</p> <p>Nivo 9: 70,001 a 80,000 pye kare.</p> <p>Nivo 10: 80,001 a 90,000 pye kare.</p> <p>Nivo 11: 90,001 a 100,000 pye kare.</p>	<p>\$200 (I)/\$100 (O)</p> <p>\$400 (I)/\$200 (O)</p> <p>\$600 (I)/\$300 (O)</p> <p>\$2,000 (I)/\$1,500 (O)</p> <p>\$2,000 (I)/\$1,500 (O)</p> <p>\$2,000 (I)/\$1,500 (O)</p> <p>\$2,000 (I)/\$1,500 (O)</p> <p>\$2,000 (I)/\$1,500 (O)</p> <p>\$2,000 (I)/\$1,500 (O)</p> <p>\$2,000 (I)/\$1,500 (O)</p> <p>\$2,000 (I)/\$1,500 (O)</p> <p>\$2,000 (I)/\$1,500 (O)</p>	<p>\$1,250 (I)/\$625 (O)</p> <p>\$2,500 (I)/\$1,250 (O)</p> <p>\$5,000 (I)/\$2,500 (O)</p> <p>\$20,000 (I)/\$10,000 (O)</p> <p>\$22,500 (I)/\$11,250 (O)</p> <p>\$25,000 (I)/\$12,500 (O)</p> <p>\$30,000 (I)/\$15,000 (O)</p> <p>\$35,000 (I)/\$17,500 (O)</p> <p>\$40,000 (I)/\$20,000 (O)</p> <p>\$45,000 (I)/\$22,500 (O)</p> <p>\$50,000 (I)/\$25,000 (O)</p>
Koperativ Marigwana Atizanal	Frè total pou Kanope li yo. Si gen plis pase sis kote, ajoute \$200 (I)/\$100 (O) pou chak kote adisyonèl.	Frè total pou Kanope li yo. Si gen plis pase sis kote, ajoute \$1,250 (I)/\$625 (O) pou chak kote adisyonèl.
Fabrikasyon Pwodui abaz marigwana	\$1 500	\$10,000
Mikwo-antrepriz Marigwana	\$0	50% tout frè lisans ki aplikab yo
Laboratwa Tès Endepandan (LTE)	\$1 500	\$10,000
Detayan Marigwana (brik ak mòtye)	\$1 500	\$10,000
Etablisman Konsomasyon Sosyal	\$1 500	\$10,000
Transpòtè Marigwana: Transpòtè Tyès-Pati	\$1 500	\$5,000



Transpòtè Marigwana: Transpòtè Lisansye ki Egziste	\$1 000	\$5,000
Kourye Marigwana	\$1 500	\$5,000
Operatè Livrezon Marigwana	\$1 500	\$10,000
EM ak yon Apwobasyon Livrezon	\$500	\$5,000
Sant Rechèch sou Marigwana	\$300	\$1 000
Pèmi Rechèch sou Marigwana	\$1 000	\$1 000

Tout frè yo pa ranbousab epi yo pa ka anile sof si yo espesifye pi ba a.

Anilasyon Frè

Sèten frè yo anile otomatikman pou Aplikan Priyoritè Otonomizasyon Ekonomik (OE), Patisipan nan Pwogram Ekite Sosyal (PES), ak biznis ki pou minorite yo, fanm ak veteran (DBE) ki satisfè sèten kritè kalifikasyon.

Tanpri sonje ke pou DBE yo benefisye anilasyon frè, yo dwe deja sètifye pa Biwo Divèsite Founisè a, yo dwe fini sètifikasyon yo, epi yo dwe kalifye kòm ti Antrepriz. Yo defini yon ti antrepriz kòm yon aplikan oswa yon titilè lisans ki (1) gen 50 oswa mwens anplwaye apentan nan tout kote ki travay pandan pa plis pase 2,600 èdtan ototal pa trimès epi (2) ki gen revni brit ki mwens pase \$5 milyon chak ane.

Tanpri gade tablo ki anba a pou anilasyon ki aplikab yo:

Kategori	kritè yo	100% Frè Aplikasyon Anile	100% Frè Lisans Inisyèl Anile	50% Frè Lisans Anyèl Anile	Frè Mansyèl pa Mèt Anile
Mikwo-antrepriz yo	PA APLIKAB	P?			P?



Koperativ Marigwana Atizanal	PA APLIKAB				P?
OE	Pwopriyete Majoritè (plis pase 50 %) ki pou EEs ak/oswa SEP yo	P?		P?	P?
PES	Pwopriyete Majoritè (plis pase 50 %) ki pou EEs ak/oswa SEP yo	P?		P?	P?
DBE	Sètifye pa Biwo Divèsite Founisè kòm yon MBE, WBE, ak VBE epi li satisfè definisyon yon ti biznis.	P?		P?	P?
Titilè lisans Livrezon (pandan peryòd eksklizivite a)	PA APLIKAB	P?	P?	P?	P?

Frè pou Itilizasyon Medikal

Frè aplikasyon ak lisans itilizasyon pou granmoun yo konsa:

Kalite Lisans yo	Frè
Frè aplikasyon STM	\$3,500
Frè Lisans STM Inisyal/Anyèl	\$ 50,000

Lòt frè ki Asosye ak Lisans yo

Anplis frè aplikasyon ak lisans yo, gen lòt frè ki aplike si yon titilè lisans mande pou chanje non, adrès, pwopriyete, oswa estrikti bilding yo. Titilè lisans yo dwe soumèt demann pou kalite chanjman sa yo ansanm ak frè ki aplikab yo. Yo evalye chak frè pou chak lisans ki afekte.

Frè sa yo aplike alafwa pou titilè lisans pou granmoun itilize ak itilizasyon medikal epi yo diferan sèlman kote yo deziyen an. Anilasyon frè yo pa aplike pou frè sa yo. Frè pou kalite chanjman sa yo konsa:



Chanje oswa Revize	Frè
Chanjman Non	\$1 000
Chanjman Adrès	50% frè lisans ki aplikab yo (Granmoun) 10,000 (medikal)
Chanjman Estrikti Bilding	1000
Chanjman Pwopriyete oswa Kontwòl (ki enplike omwen yon antite ki vin gen pwopriyete/kontwòl)	\$5,000 pou chak antite, pou chak lisans
Pwopriyete oswa Kontwòl (ki enplike moun, pa egzannp, chanjman Manm Konsèy la)	\$500 pou chak moun, pou chak lisans
Demann Revizyon Achitekti	\$1 500
Aplikasyon pou Pre-Apwobasyon Anbalaj ak Etiketaj	\$50 pou chak pwodui

Tout frè yo pa ranbousab. Frè ki anwo yo pa ka anile. Anplis frè ki anwo yo, gen frè adisyonèl pou sa ki annapre yo:

- Verifikasyon antesedan pou moun ki asosye ak yon aplikasyon pou lisans;
- Anprent dijital pou moun ki asosye ak yon aplikasyon pou lisans;
- Frè Pwogram Metre chak mwa (yon fwa yo gen lisans);
- Anbalaj ak etiketaj Metre (yon fwa yon gen lisans); epi
- Frè aplikasyon pou anrejistre ak renouvle ajan yo (yon fwa yo gen lisans).

IV. Apèsi sou Lisans

Tout biznis ki chèche antre nan mache itilizasyon pou granmoun ak itilizasyon medikal kòm titilè lisans dwe franchi plizyè etap anvan yo kòmanse operasyon konplè yo. Ou ka jwenn yon rezime pwosesis lisans la an jeneral annanèks. Seksyon sa a pral bay konsèy apwofondi pou aplikan k ap chèche lisans.

Pwosesis Aplikasyon pou Lisans

Premye etap pou vin yon titilè lisans se soumèt frè aplikasyon an ak tout twa (3) seksyon aplikasyon an nan yon sèl aplikasyon:



- Aplikasyon Entansyon,
- Verifikasyon antesedan, ak
- Pwofil Jesyon ak Operasyon.

Chak seksyon mande pou aplikan yo bay enfòmasyon egzat sou antrepriz la, moun ak antite ki asosye ak biznis la epi pou yo demontre yon konpreyansyon sou règleman Komisyon an ki espesifik pou kalite lisans, kote, ak echèl aplikan an. Aplikasyon pou lisans itilizasyon pou granmoun ak itilizasyon medikal yo gen esansyèlman menm kondisyon ak diferans ki make nan seksyon sa yo.

Aplikasyon pou Lisans—Seksyon Aplikasyon Entansyon

Seksyon sa a esplike tout kondisyon Aplikasyon Entansyon an, yo rele souvan AE , epi li bay konsèy sou fason pou respekte règleman Komisyon an.

Moun ak Antite Obligatwa yo

Yon aplikan dwe divilge Moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk nan aplikasyon pou lisans li a. Yon moun oswa yon antite ki gen kontwòl dirèk satisfè youn oswa plizyè nan kritè sa yo:

- Yon pwopriyete ki genyen yon enterè finansye sou fòm yon patisipasyon 10% oswa plis nan yon EM oswa STM;
- Yon moun oswa yon antite ki genyen yon enterè vòt 10% oswa plis nan yon EM oswa STM oswa yon dwa pou mete veto sou evènman enpòtan;
- Yon Asosye Pwòch;
- Yon moun oswa yon antite ki gen dwa kontwole, atravè kontra oswa otreman, oswa otorite, ki gen ladan men pa sèlman:
 - pou pran desizyon konsènan operasyon ak planifikasyon estratejik, alokasyon kapital, akizisyon, ak dezinvestisman;
 - pou nonmen plis pase 50% direktè yo;
 - nonmen oswa revoke dirijan nan nivo antrepriz la;
 - pran gwo desizyon sou maketing, pwodiksyon, ak finansye;
 - pou egzekite kontra enpòtan (konbine \$10,000 oswa plis) oswa eksklizif; oswa
 - touche 10% oswa plis nan pwofi yo oswa kolekte plis pase 10% dividann yo.
- Yon Moun Tribinal Nonmen;
- Yon Founisè Platfòm Teknoloji Tyès-Pati ki genyen yon enterè finansye nan yon titilè lisans livrezon.

Moun oswa antite ki gen kontwòl endirèk vle di nenpòt moun oswa antite ki gen kontwòl endirèk sou operasyon yon EM oswa yon STM. Li espesyalman gen ladann nenpòt moun ki gen yon patisipasyon majorite nan yon detansyon endirèk oswa konpayi-mè aplikan an, ak prezidan direktè jeneral la epi direktè egzekitif



konpayi sa yo, oswa nenpòt moun oswa antite ki nan pozisyon pou kontwole endirèkteman priz desizyon yon EM oswa STM.

Yo ankouraje aplikan yo pou yo enkli moun ki egzèse kontwòl atravè kontribisyon sèvis yo. Pa egzanp, yon moun ka egzèse kontwòl lè li pran desizyon sou jesyon etablisman an oswa operasyon yo. Aplikan yo pa bezwen divilge moun ki bay sèvis epi ki pa egzèse kontwòl. Pa egzanp, aplikan yo pa bezwen divilge konsiltan ki konsilte, men ki pa pran desizyon pou etablisman an.

Divilgasyon Enterè nan Eta a

Aplikan yo oblije divilge si nenpòt moun oswa antite ki nan lis aplikasyon an divilge nan nenpòt lòt aplikasyon pou lisans EM oswa STM oswa ki asosye ak nenpòt lòt lisans ki egziste deja. Divilgasyon an ta dwe gen ladan tout enfòmasyon aktyèl yo ke yo konnen ki egzat ak verite. Enfòmasyon sa yo pa ta dwe twonpe, mete konfizyon, fo, oswa fwod, oswa gen tandans twonpe oswa kreye yon enpresyon konfizyon.

Divilgasyon Enterè Andeyò Eta a

Aplikan yo oblije divilge si yon moun oswa antite ki figure nan yon aplikasyon gen enterè nan antrepriz ki anrapò ak marigwana kounye a oswa nan tan pase nan lòt eta epi bay dokimantasyon enterè yo. Yo ta dwe egzèse jijman yo nan idantifye lòt enterè biznis ki gen rapò ak aplikasyon yo a.

Dokimantasyon ki nesèsè pou seksyon sa a ka pran fòm yon lisans biznis, atik òganizasyon, règleman entèn yo, akò fonksyonman, oswa yon afidavi ki deklare divilgasyon an egzat ak verite.

Resous an Kapital

Aplikan yo dwe divilge kantite lajan ak sous resous an kapital ki disponib pou yo nan men nenpòt moun oswa antite ki pral kontribiye kapital pou etabli oswa opere EM ki idantifye a. Fòm kapital yo ta ka gen ladan prè (monetè, byen imobilye oswa pèsònèl) pou ranbousman oswa pou patisipasyon nan kapital la.

Aplikan an dwe divilge non, adrès, enfòmasyon kontak, ak kantite lajan ak sous kapital ke chak moun oswa antite pral bay. Anplis divilgasyon an, aplikan an dwe soumèt dokiman ki gen ladann, men pa sèlman, yon dosye bank oswa enstitisyon finansye ki date nan 60 jou apre dat yo soumèt aplikasyon ki verifye egzistans kapital la. Si moun oswa antite ap bay resous kapital pou ranbousman yon prè, yo dwe bay yon akò alekri ki gouvène prè a tou.



Si moun oswa antite ki kontribye resous an kapital yo ta ka klase kòm yon moun oswa yon antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk, yo dwe mete yo nan lis sa yo tou nan seksyon apwopriye a.

Aprè li fin fè divulgasyon sa yo epi li bay enfòmasyon sa yo, aplikan an dwe sètifye ke lajan yo ki itilize pou investi nan oswa finanse EM oswa STM yo te genyen oswa jwenn legalman, sa ka demontre pa yon afidavi oswa yon dokiman notarye ki ateste egzijans sa a. Nan kad rivizyon aplikasyon an, oswa yon enspeksyon nan operasyon lisans lan, Komisyon an ka mande plis enfòmasyon oswa dokiman ki montre sous fon yo.

Diferans Ant Aplikasyon pou Lisans pou Granmoun/Medikal

Aplikan pou lisans kòm yon EM pa gen okenn kantite minimòm resous kapital yo dwe demontre. Aplikan ki pral vin yon STM dwe demontre resous an kapital yo \$500,000 sou premye aplikasyon yo ak yon lòt aplikasyon \$400,000 pou dezyèm ak twazyèm aplikasyon yo.

Obligasyon oswa Kont ansekès

Tout aplikan yo oblije mete sou kote, swa atravè yon obligasyon oswa yon kont ansekès, yon kantite lajan sifizan pou kouvri frè demantèlman ak likidasyon EM oswa STM. Kantite lajan yo mete sou kote a dwe ase pou kouvri depans pou satisfè tout obligasyon taks etatik oswa minisipal ki an sispan, depans ki fèt pou sekirize etablisman ki gen lisans lan, ak depans ki fèt pou detwi marigwana ak pwodui abaz marigwana nan envantè li yo.

Si aplikan an genyen yon obligasyon, aplikan an dwe mete sou kote kantite total frè lisans yo jan sa endike nan paragraf 935 CMR 500.005 oswa 501.005, menm si yo te anile frè yo. Si aplikan an tabli yon kont ansekès, aplikan an dwe mete sou kote omwen \$5,000, epi yo ankouraje li mete sou kote kantite total frè lisans yo, menm si frè yo te anile.

Si aplikan an vin genyen yon obligasyon, obligasyon an ta dwe reflète sa ki annapre yo:

- Aplikan an se Direktè a;
- Komisyon Kontwòl Kanabis Commonwealth nan Massachusetts, 2 Washington Square, Worcester, MA, 01604, se moun k ap fè obligasyon an;
- Objektif obligasyon an se kouvri tout depans Komisyon an fè pou satisfè tout obligasyon taks etatik ak lokal ki an sispan, depans ki fèt pou sekirize yon etablisman marigwana ki gen lisans, depans ki fèt pou detwi marigwana ak pwodui abaz marigwana nan envantè li yo, epi pou



kouvri lòt depans Komisyon an oswa moun li deziyen an fè nan demantle oswa demonte etablisman ki titilè lisans lan an konfòmite ak règleman li yo ak lwa ki aplikab yo.

Si aplikan an etabli yon kont ansekès, kont lan ta dwe refilete bagay sa yo:

- Komisyon Kontwòl Kanabis Commonwealth nan Massachusetts, 2 Washington Square, Worcester, MA, 01604, se sèl benefisyè a; epi
- Objektif kosyon an se kouvri tout depans Komisyon an fè pou satisfè nenpòt obligasyon taks sou lavant leta ak lokal yo, depans ki fèt pou sekirize nenpòt etablisman marigwana ki gen lisans, depans ki fèt pou detwi marigwana ak pwodui abaz marigwana nan envantè li yo, epi kouvri lòt depans Komisyon an oswa moun li mandate a fè nan demantèlman oswa fèmti etablisman ki gen lisans lan an konfòmite ak règleman li yo ak lwa aplikab yo.

Si avoka aplikan an kenbe lajan yo nan yon kont ansekès li nan non kliyan an, yon pwotokòl dakò (PD) bò kote avoka a se yon fason akseptab pou satisfè egzijans sa a toutotan MK a refilete sa ki annapre yo:

- Avoka a kenbe fon yo nan sèl objektif pou kouvri tout depans Komisyon an fè pou satisfè nenpòt obligasyon nan zafè taks sou lavant nan nivo eta ak lokal, depans ki fèt pou sekirize yon etablisman marigwana ki gen lisans, depans ki fèt pou detwi marigwana ak pwodui abaz marigwana nan envantè li, epi kouvri lòt depans Komisyon an oswa moun li mandate pou demantle oswa fèmen etablisman titilè lisans lan an konfòmite ak règleman li yo epi lwa aplikab yo.
- Kantite lajan an; epi
- Avoka a pral remèt lajan yo bay Komisyon an oswa reprezantan li yon fwa li demontre ke li te fè depans sa yo.

Idantifikasyon Pwopriyete ak Dokimantasyon Enterè

Chak aplikan dwe divilge kote EM oswa STM yo pwopoze a. Yon titilè lisans limite a fè operasyon nan yon sèl kote eksepte Koperativ Marigwana Atizanal ak titilè lisans STM.

Diferans Ant Aplikasyon pou Lisans pou Granmoun/Medikal

Anjeneral, aplikan pou lisans kòm yon EM aplike pou lisans pou yon sèl operasyon (sa vle di kilti) epi yo pa dwe chwazi plis pase yon (1) kote. Aplikan pou vin yon STM



aplike pou kiltive, trete, pwodui, ak distribye marigwana avèk yon sèl lisans. Titilè lisans lan ka chwazi jiska de (2) kote li pral kiltive, pwodui ak distribye marigwana.

Aprè idantifikasyon kote yo pwopoze a (yo) kote yo pral otorize operasyon yo, aplikan an oblije soumèt dokiman sou enterè pwopriyete yo, ki ka demontre pa youn nan bagay sa yo:

1. tit legal klè pou sit yo pwopoze a;
2. yon opsyon pou achte sit yo pwopoze a;
3. yon akò legalman egzekite pou bay tit sa a; oswa
4. dokiman pwopriyete a ki pwouve pèmision pou itilize lokal la.

Pou Enfòmasyon Ou

Aplikan yo ka pa oblije peye lwaye sou pwopriyete a pandan faz aplikasyon an nan sèten sikonstans. Gen kèk opsyon dokimantasyon enterè pwopriyete ki endike pi wo a ki ka mande pou pa gen okenn peman chak mwa anvan yo itilize lokal la oswa jwenn yon lisans. Yo ankouraje aplikan yo pou yo konsilte yon avoka sou opsyon ki disponib yo.

Sètifikasyon Akò Kominote Akèy

Chak aplikan dwe telechaje yon sètifika yon sèl paj ki siyen pa otorite kontra yo pou kominote akèy la ak aplikan ki pwouve ke yo te egzekite yon Akò Kominote Akèy. Gen yon fòm sètifikasyon ki genyen yon sèl paj sou sitwèb Komisyon an. Si aplikan an ap opere nan plis pase yon kote (pa egzanp, Koperativ Marigwana Atizanal oswa STM yo), yon fòm sètifikasyon ak kondisyon ki anwo yo obligatwa pou chak kote.

Ou ka jwenn lòt konsèy sou lwa ki aplikab pou Akò Kominote Akèy yo sou sitwèb Komisyon an. Yo p ap aksepte yon Akò Kominote Akèy ki konplètman egzekite nan plas fòm sètifikasyon yon sèl paj la.

Atestasyon ak Dokimantasyon Reyinyon Sansibilizasyon Kominotè

Objektif Reyinyon Sansibilizasyon Kominotè a se enfòme piblik nan kominote akèy la sou EM oswa STM yo pwopoze a, bay enfòmasyon, epi reponn kesyon piblik la. Yo sijere fòtman pou fè Reyinyon Sansibilizasyon Kominotè a anvan finalizasyon yon Akò Kominote Akèy



paske reyinyon an fèt pou ede enfòm sou pwosesis Akò Kominote Akèy la. Chak aplikan dwe fè yon Reyinyon Sansibilizasyon Kominotè ki konfòm ak sa ki annapre yo:

- Reyinyon an dwe fèt nan sis (6) mwa anvan yo soumèt aplikasyon pou lisans lan;
- Yo dwe pibliye avi reyinyon an nan yon jounal jeneral nan vil la oswa nan vilaj la omwen 14 jou kalandriye anvan reyinyon an. Avi a dwe gen ladan lè, kote, sijè reyinyon an, ak adrès yo pwopoze pou EM oswa STM lan;
- Avi reyinyon an dwe depoze bò kote grefye vil la oswa vilaj la, konsèy planifikasyon an, otorite kontraktan pou minisipalite a, ak otorite lokal ki bay lisans Kanabis la, si sa aplikab. Avi a dwe gen ladan lè, kote, sijè reyinyon an, ak adrès yo pwopoze pou EM oswa STM lan;
- Yo dwe voye avi reyinyon an pa lapòs bay tout moun ki abite ak rezidan yo nan yon distans 300 pye de adrès yo pwopoze pou EM oswa STM lan omwen sèt (7) jou kalandriye anvan reyinyon an. Avi a dwe gen ladan lè, kote, sijè reyinyon an, ak adrès yo pwopoze pou EM oswa STM lan;
- Omwen yon (1) reyinyon dwe fèt nan kominote akèy la epi omwen yon (1) reyinyon dwe fèt apre lè nòmal travay yo. Yon sèl reyinyon ka fèt si li tonbe nan tou de kondisyon yo.
- Sa ki annapre yo dwe fèt nan reyinyon an:
 - Enfòmasyon yo prezante sou kalite EM oswa STM yo pral lokalize nan adrès yo pwopoze a;
 - Enfòmasyon yo prezante ki adekwa pou montre yo pral kenbe kote a an sekirite;
 - Enfòmasyon sou mezi EM oswa STM lan pral pran pou anpeche detounman bay minè yo;
 - Enfòmasyon yo prezante sou plan aplikan an gen yon enpak pozitif sou kominote a;
 - Enfòmasyon adekwa yo prezante pou montre kote a pa pral konstitye yon nwizans; epi
 - Manm kominote yo gen dwa poze kesyon epi jwenn repons nan men EM oswa STM lan.

Pou demontre konfòmite ak egzijans sa a, aplikan yo dwe bay sa ki annapre yo:

- Yon fòm Attestasyon Reyinyon Sansibilizasyon Kominotè ki ranpli epi disponib sou sitwèb Komisyon an. Tanpri asire w ou swiv enstriksyon ki nan fòm nan;
- Yon kopi avi piblikasyon an ki klèman montre enfòmasyon egzijib ke yo te bay piblik la, ansanm ak non ak dat piblikasyon an;
- Yon kopi avi a ke grefye vil la oswa vilaj la ranpli; ak



- Yon kopi avi a yo voye pa lapòs bay vwazen yo.

Si EM oswa STM yo pwopoze a ap gen lokal nan plis pase yon (1) vil oswa vilaj, aplikan yo dwe satisfè kondisyon Reyinyon Sansibilizasyon Kominotè yo pou chak kote.

Pou Enfòmasyon Ou

Tanpri sonje ke egzijans konsènan piblikasyon Reyinyon Sansibilizasyon Kominotè a nan yon jounal sikilasyon jeneral chanje. Avi a kounye a dwe pibliye omwen 14 jou kalandriye anvan reyinyon an. Kondisyon anvan an te egzije sèlman yon avi sèt (7) jou. Avi ki pibliye apre 1ye novanm 2019 dwe konfòme yo ak egzijans sa a.

Planifye pou Rete Konfòm ak Òdonans Lokal yo

Chak aplikan dwe soumèt yon deskripsyon plan pou asire ke EM oswa STM lan konfòm oswa yo pral konfòm ak kòd lokal yo, òdonans, ak règleman entèn pou adrès fizik li yo ki dwe gen ladan, men pa sèlman, idantifikasyon tout kondisyon lokal yo pou yo vann marigwana pou itilizasyon pou granmoun oswa medikal.

Plan sa a dwe idantifye tout mezi ki pran ak depatman oswa ofisyèl minisipalite yo konsènan règleman lokal yo ak kondisyon pou pèmi yo. Anplis de sa, aplikan yo dwe mete nan plan yo, men pa sèlman, enfòmasyon sa yo:

- Idantifikasyon distri zòn ki apwopriye pou adrès yo pwopoze a; epi
- Idantifikasyon pèmi apwopriye ki nesesè, si genyen, ak tan ak frekans pou jwenn ak renouvle pèmi sa yo.

Planifye pou gen yon Enpak Pozitif sou Moun ki Afekte yon Fason Dispwopòsyonèl

Aplikan pou lisans kòm yon EM oswa STM dwe soumèt yon Plan pou gen yon enpak pozitif sou moun ki afekte yon fason dispwopòsyonèl. Tanpri sonje: Plan sa a se yon egzijans separe epi li diferan de Plan Divèsite a. Plan an dwe fèt pou gen yon enpak pozitif sou gwoup moun sa yo ki afekte yon fason dispwopòsyonèl, jan Komisyon an deziyen l:

1. Rezidan ansyen oswa aktyèl yo nan "zòn jeyografik ki gen enpak dispwopòsyone", ke Komisyon an te defini epi idantifye nan Konsèy li yo pou idantifye zòn ki gen enpak dispwopòsyonèl yo. Remake byen ke kèk zòn jeyografik ki gen enpak dispwopòsyonèl yo se vil



oswa vilaj, e lòt yo se katye ki idantifye pa sektè resansman yo. Deziyasyon zòn sa yo pral re-evalye detanzantan.

2. Aplikan Priyorité pou Otonomizasyon Ekonomik Komisyon an deziyen;
3. Patisipan yo nan Pwogram Ekite Sosyal Komisyon an deziyen;
4. rezidan Massachusetts ki te gen kondanasyon pou dwòg; epi
5. moun ki abite Massachusetts ak paran oswa konjwen ki gen kondanasyon pou dwòg.

Plan an dwe dekri objektif, pwogram, ak mezi EM oswa STM pral pouswiv yon fwa ke li gen lisans pwovizwa. Tout objektif yo ta dwe mezirab ak kantifyab. Lè renouvèlman an, titilè lisans lan pral oblije rapòte, ominimòm, prèk detaye, demonstratif, ak prèk kantifyab sou efò etablisman an, pwogrè, ak sikse plan li ki apwouve a.

Pou Enfòmasyon Ou

Tanpri sonje ke konsèy siplemantè apwofondi yo disponib sou sitwèb Komisyon an pou aplikan ak titilè lisans yo konfòme yo ak egzijans Plan Enpak Pozitif la.

Frè Aplikasyon

Chak aplikan oblije soumèt frè aplikasyon ki aplikab la. Tout frè, ak nenpòt anilasyon oswa rediksyon ki aplikab yo, dekri nan dokiman konsèy sa a.

Aplikasyon pou Lisans—Seksyon Verifikasyon Antesedan

Nan seksyon Verifikasyon Antesedan an, ke yo rele souvan BGC, aplikan an dwe fè lis tout moun ak antite ki enpòtan ansanm avèk tout divilgasyon antesedan ak fòm otorizasyon yo. Chak moun oswa antite ki nan seksyon Aplikan Entansyon an dwe twouve l tou nan Seksyon Verifikasyon Antesedan an. Moun ak antite yo pral sibi yon verifikasyon antesedan apwofondi epi moun yo pral soumèt yo a verifikasyon anprent.

Enfòmasyon pou Verifikasyon Antesedan

Komisyon an oblije detèmine si chak moun ak antite ki nan lis yon aplikasyon gen kalite pou jwenn lisans, sa ki baze, an pati sou verifikasyon antesedan yo. Verifikasyon antesedan yo pral gen ladan, men pa sèlman, yon revizyon sa ki annapre yo:

- Dosye baz done kriminel Massachusetts ak nasyonal;
- Dosye baz done sivil Massachusetts ak nasyonal, ki gen ladan dosye pwofesyonèl ak okipasyonèl;



- Patisipasyon moun ak antite nan lòt biznis ki gen rapò ak marigwana; epi
- Nenpòt aksyon yo poze kont nenpòt lisans oswa anrejistreman ke moun nan oswa antite a genyen.

Chak moun ak antite ki nan aplikasyon an dwe divilge aksyon ki fèt nan Massachusetts oswa nan yon lòt jiridiksyon:

- Yon deskripsyon nenpòt aksyon kriminèl, kit krim oswa deli, ki te lakòz yon kondanasyon, plede koupab, pledwaye nolo contendere oswa admisyon reyaltite sifizan;
- Yon deskripsyon nenpòt aksyon sivil, ki gen ladan aksyon ki gen rapò ak yon pratik pwofesyonèl, okipasyonèl, oswa fwod;
- Yon deskripsyon nenpòt aksyon administratif, ki gen ladan aksyon ki gen rapò ak yon operasyon marigwana medikal oswa granmoun itilize;
- Yon deskripsyon nenpòt aksyon disiplinè yo pran nan nenpòt jiridiksyon kont yon lisans, anrejistreman, oswa sètifikasyon moun oswa antite a genyen, tankou yon sispanasyon oswa anilasyon, ki gen ladan, men pa sèlman, yon lisans pou preskri oswa distribye sibstans kontwole; epi
- Yon deskripsyon nenpòt refi lisans.

Aplikasyon yo pa oblije bay enfòmasyon sou okenn kondanasyon ki te sele oswa efase pa òdonans tribinal la.

Fòm Otorizasyon Verifikasyon Antesedan

Moun ki asosye ak yon aplikasyon oblije soumèt yo a yon verifikasyon antesedan. Se founisè tyès-pati Komisyon an ki fè verifikasyon antesedan yo. Pou founisè a resevwa enfòmasyon ki nesèsè yo, aplikan an dwe soumèt twa (3) fòm otorizasyon ak yon kat idantifikasyon ak foto gouvènman an bay e ki poko ekspire pou chak moun ki nan aplikasyon an:

- Fòm rekonesans CORI (Kazyè Jidisyè);
 - Tout moun ki obligatwa yo ta dwe ranpli chan obligatwa yo nan seksyon "Enfòmasyon Sijè" nan paj de (2) anvan yo siyen paj en (1) an. Lè w ap siyen paj en (1) an, tanpri fè sa devan yon notè oswa yon anplwaye ki verifikatè. Notè piblik la oswa anplwaye verifikatè a ka ranpli seksyon "Verifikasyon Sijè" nan paj de a apre li fin revize omwen youn nan pyès idantite gouvènman an bay moun nan.
 - Dokiman sa a valid pou yon ane apati dat siyati orijinal la.
- Fòm Divilgasyon ak Rekonesans
 - Tout moun ki obligatwa yo dwe non yo an lèt detache, siyen ak date paj sa a.
- Fòm Otorizasyon Divilgasyon



- o Tout moun ki obligatwa yo ta dwe ranpli tout chan ki nan paj en an. Sepandan, tanpri siyen paj en (1) an devan notè piblik paske paj de (2) dwe notarye. Dokiman sa a valab pou yon ane apati dat orijinal siyati a.

Ou ka jwenn fòm sa yo sou sitwèb Komisyon an. Yon fwa chak moun ki obligatwa yo ranpli tout fòm yo, yo ta dwe retounen yo bay aplikan an. Aplikan an ta dwe eskane dokiman chak moun ak kat idantifikasyon gouvènman an bay kòm yon sèl fichye, telechaje fichye a nan aplikasyon an, epi mete etikèt sou li kòmsadwa.

Aplikasyon pou Lisans—Seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon yo

Seksyon Profil Jesyon ak Operasyon, ke yo rele souvan MOP, bay Komisyon an yon apèsi sou apwòch aplikan yo pou opere EM oswa STM. Enfòmasyon yo egzije nan seksyon sa a se yon endikatè ke aplikan an konprann egzijans legal pou opere yon EM, ki gen ladan règleman Komisyon an, plan ki espesifik pou kalite lisans aplikan an, kote ak echèl la, epi yo pral kapab opere yon fason legal.

Enfòmasyon sou Antrepriz, Eitati Òganizasyon an, ak Règleman Entèn yo

Tout aplikan yo dwe demontre ke biznis yo pwopoze yo anrejistre pou fè biznis nan Commonwealth kòm yon sosyete biznis domestik oswa yon lòt antite biznis domestik.

Atik obligatwa yo pral gen ladan sa ki annapre yo:

- Non antrepriz la;
- Nimewo Idantifikasyon Antrepriz Massachusetts la;
- Eitati Òganizasyon an;
- Règleman entèn (oswa akò fonksyònman antrepriz la nan ka konpayi a responsablite limite oswa lòt estrikti antite aplikab); epi
- non antrepriz la.

Tanpri sonje ke tout dokiman obligatwa yo ta dwe nan non antite k ap aplike pou lisans lan.

Sètifika Bòn Konduit

Tout aplikan yo dwe soumèt sètifika bòn konduit ki soti nan men Sekretè Commonwealth la, Depatman Revni, ak Depatman Asistans Chomaj. Tout sètifika yo ta dwe gen dat nan 90 jou apre yo te soumèt aplikasyon pou lisans lan.

Tanpri sonje ke aplikan an ap oblije gen anplwaye pou yo ka anrejistre epi resevwa yon sètifika bòn konduit nan men Depatman Asistans Chomaj. Si yon aplikan pa gen anplwaye, yo pral aksepte yon atestasyon nan sans sa a olye de sètifika bòn konduit ki soti nan Depatman Asistans Chomaj sèlman.



Tanpri sonje ke tout dokiman ki nesèsè yo ta dwe nan non antite k ap aplike pou lisans lan.

Plan Dafè, Plan Asirans Responsablite, & Kalandriye ki Pwopoze

Tout aplikan yo oblije soumèt yon plan dafè detaye pou operasyon EM oswa STM. Plan an ta dwe gen ladan sèlman non komèsyal ofisyèl la, non antrepriz la, ak non mak pwodui yo. Anplis de sa, plan an ta dwe adapte a kalite lisans aplikan an ap chèche nan men Komisyon an. Kèk enfòmasyon ki ta ka enkli nan plan an se pwojeksyon revni ak pri, apèsi sou konpayi an, ak plan operasyonèl.

Tout aplikan yo oblije soumèt yon plan pou jwenn asirans responsablite ki satisfè kondisyon regilasyon yo. Aplikan yo pa oblije jwenn okenn kontra asirans anvan yo gen lisans. Sepandan, chak aplikan oblije demontre nan plan yo ke yo pral jwenn, yon fwa yo gen lisans, yon politik ki dwe gen ladann responsablite jeneral ak kouvèti asirans responsablite pwodui ki pa mwens pase \$1 milyon dola pa evènman ak \$2 milyon dola an total chak ane. Franchiz pou chak politik pa ka pi wo pase \$5,000 pou chak evènman.

Tout aplikan yo oblije soumèt yon delè pwopoze pou reyalize operasyon EM oswa STM yo pwopoze yo. Kalandriye a ta dwe gen ladan enfòmasyon ak dat ki prevwa konsènan aksyon oswa evènman ki pral rive apre aplikasyon an te bay yon lisans pwovizwa. Pa egzanp, kalandriye yo pwojte yo ka gen ladann dat ki gen rapò ak bilding oswa renovasyon yon estrikti, enstalasyon sekirite ak lòt ekipman, pèmi konstwi, pèmi espesyal, anbochaj anlwaye, ak lòt etap enpòtan.

Rezime Plan Operasyon, Règleman, ak Pwosed

Tout aplikan yo dwe soumèt sèten plan, règleman, ak pwosed ki gen rapò ak opere yon EM ak/oswa STM. Plan, politik, ak pwosed sa yo ta dwe espesyalman ekri pou konfòme yo ak règleman Komisyon an ak dokiman konsèy yo. Tablo ki anba a bay yon lis plan, règleman ak pwosed obligatwa pou aplikan yo ak seksyon ki enpòtan nan règleman Komisyon an ki asosye avèk yo. Tanpri sonje ke règleman ki asosye ak plan, règleman ak pwosed sa yo pa fèt pou yon lis konplè.

Pou Enfòmasyon Ou

Règleman sekirite yo te mete ajou pou enkli kondisyon espesifik ki gen rapò ak manyen lajan kach. Aplikan yo ak tililè lisans yo dwe mete pwosed pou jere lajan kach yo nan rezime plan sekirite yo. Kondisyon pou manyen lajan kach yo sitiye nan 935 CMR 500.110(7) (itilizasyon pou granmoun) ak 501.110(7) (itilizasyon medikal).



Plan	Aplike a	Règleman pou granmoun	Règleman Medikal
Sekirite	Tout aplikan yo	935 CMR 500.110	935 CMR 501.110
Prevansyon Detounman	Tout aplikan yo	Plan ki konfòm a kondisyon yo nan 935 CMR 500.000.	Plan ki konfòm a kondisyon yo nan 935 CMR 501.000.
Estokaj	Tout aplikan yo	935 CMR 500.105(11)	935 CMR 501.105(11)
Transpò	Tout aplikan yo	935 CMR 500.105(13)	935 CMR 501.105(13)
Envantè	Tout aplikan yo	935 CMR 500.105(8)	935 CMR 501.105(8)
Kontwòl Kalite ak Pwosedi Tès	Tout aplikan yo	935 CMR 500.105(3); 500.160	935 CMR 501.105(3); 501.160
Politik Pèsonèl la	Tout aplikan yo	935 CMR 500.105(1)	935 CMR 501.105(1)
Pwosedi Dispans	Detayan Marigwana, STM yo, Operatè Livrezon Marigwana, ak Konsomasyon Sosyal Etablisman	935 CMR 500.140	935 CMR 501.140
Pwosedi pou kenbe dosye yo	Tout aplikan yo	935 CMR 500.105(1); 500.105(8); 500.105(9)	935 CMR 501.105(1); 501.105(8); 501.105(9)
Antretyen Dosye Finansye yo	Tout aplikan yo	935 CMR 500.105(9); 500.140	935 CMR 501.105(9); 501.140



Deskripsyon detaye sou kalifikasyon ak fòmasyon ki fèt pou ajan yo	Tout aplikan yo	935 CMR 500.105(2)	935 CMR 501.105(2)
--	-----------------	--------------------	--------------------



Plan Konfòmite Enèjetik	Tout aplikan yo	935 CMR 500.105(15) epi dokiman konsèy ki aplikab yo	935 CMR 501.105(15) epi dokiman konsèy ki aplikab yo
Limite Aksè pou Moun ki gen 21 ane oswa plis	Aplikan pou itilizasyon pa granmoun	Plan ki konfòm a kondisyon yo nan 935 CMR 500.000.	PA APLIKAB

Pou Enfòmasyon Ou

Règleman konfòmite enèji yo te mete ajou epi kounye a mande pou tout aplikan yo soumèt plan nan premye aplikasyon yo pou lisans. Dokiman konsèy apwofondi ak lis verifikasyon disponib sou sitwèb Komisyon an pou ede aplikan yo respekte kondisyon sa a.

Plan Divèsite

Aplikan pou lisans kòm yon EM oswa STM dwe soumèt yon Plan Divèsite nan kad Pwofil Jesyon ak Operasyon li yo. Plan Divèsite yo dwe fèt pou ankouraje ekite pami moun ki gen koulè yo, patikilyèman moun Nwa, Afriken Ameriken, Panyòl, Latinx, ak Endijèn; fanm, veteran, moun ki andikape, ak moun LGBTQ+, nan operasyon EM oswa STM. Tanpri sonje: Plan sa a se yon egzijans separe ak diferan de Plan an pou gen yon enpak pozitif sou moun ki afekte yo.

Plan an dwe dekri objektif, pwogram, ak mezi EM oswa STM pral pouswiv yon fwa ke li gen lisans pwovizwa. Tout objektif yo ta dwe mezirab ak kantifyab. Yon egzanp objektif mezirab ki asosye ak yon Plan Divèsite ta ka enkli bagay sa yo:

Aplikan an planifye pou genyen yon pèsònèl ki gen 60% fanm, 50% moun ki gen koulè, patikilyèman moun Nwa, Afriken Ameriken, Panyòl, Latinx, ak Endijèn, 25% veteran, 10% moun ki andikape, ak 10% moun LGBTQ+.

Lè renouvèlman an, titilè lisans lan pral oblije rapòte, ominimòm, prèv detaye, demonstratif, ak prèv kantifyab sou efò etablisman an, pwogrè, ak siksè plan li ki apwouve a.



Pou Enfòmasyon Ou

Tanpri sonje ke konsèy siplemantè apwofondi yo disponib sou sitwèb Komisyon an pou aplikan ak lisansye yo konfòme yo ak egzijans Plan Enpak Pozitif la.

Aplikasyon pou Lisans—Kondisyon Adisyonèl pou Sèten Kalite Lisans

Aplikan k ap aplike pou sèten kalite lisans ka bezwen bay plis dokiman, plan, politik, oswa pwosedi espesifik pou kalite lisans yo mande a. Enfòmasyon sa a obligatwa anplis de kondisyon aplikasyon ki obligatwa pou tout aplikan yo. Pa egzanp, aplikan k ap aplike pou yo vin Kiltivatè Marigwana yo bezwen soumèt yon plan operasyonèl pou kilti marigwana ansanm ak tout lòt plan, règleman ak pwosedi operasyonèl ki endike nan aplikasyon pou lisans lan.

STM yo

Aplikan pou lisans kòm yon STM dwe genyen plan, politik, ak pwosedi sa yo nan seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon:

1. Planifye pou bay marigwana a pri redui oswa gratis a pasyan ki gen pwoblèm finansyè ki dokimante ak verifye;
2. Yon plan pou respekte règleman livrezon, si sa aplikab;
3. Plan operasyonèl pou kiltive marigwana an konfòmite ak 935 CMR 501.120, ki gen ladan itilizasyon pestisid; epi
4. Yon lis tout pwodui ke aplikan an planifye pou pwodui ak enfòmasyon sa yo:
 - a. Deskripsyon kalite, fòm, koulè, ak gou pwodui yo;
 - b. Metòd pwodiksyon yo;
 - c. Plan sekirite pou fabrikasyon ak pwodiksyon pwodui an konfòmite ak 935 CMR 501.130; epi
 - d. Egzanp nenpòt mak idantifikasyon inik ki pral parèt sou pwodui a.

Pou Enfòmasyon Ou

Aplikan ki aplike pou vin STM yo, Fabrikan Pwodui abaz Marigwana, Mikwo-antrepriz Marigwana, ak Koperativ Marigwana Atizanal yo oblije bay yon deskripsyon pwodui yo planifye pou pwodui yo nan seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon nan aplikasyon an. Lis pwodui yo ta dwe espesyalman dekri ak idantifye kalite, fòm,



koulè, ak gou.

Tanpri sonje ke "non mak" ki pa anba kontwòl aplikan an oswa titilè lisans la pa ta dwe itilize.

Egzanp: Yon baton chokola rektangilè, manjab (lòt gou pral gen ladan chokola lèt).

Kiltivatè Marigwana yo

Aplikan pou lisans kòm yon Kiltivatè Marigwana dwe genyen yon plan operasyonèl pou kiltive marigwana an konfòmite ak paragraf 935 CMR 500.120 nan seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon aplikasyon li a. Tanpri sonje enstalasyon pou fè kilti yo oblije soumèt plis enfòmasyon konsènan enpak enèji yo pase lòt kalite lisans yo.

Koperativ Marigwana Atizanal

Aplikan pou lisans kòm yon Koperativ Marigwana Atizanal dwe mete enfòmasyon sa yo nan Aplikasyon Entansyon li:

1. Prèzidans nan Commonwealth la pou manm oswa aksyonè ki asosye ak aplikasyon an pou yon peryòd 12 mwa youn apre lòt anvan dat aplikasyon an;
2. Prèzidan òganizasyon koperativ la kòm yon LLC, LLP, oswa yon sosyete koperativ dapre lwa Commonwealth la;
3. Prèzidan ke yon manm te ranpli yon Anèks F (Fòm 1040), Pwofi oswa Pèt pou Agrikilti, nan senk (5) dènye ane yo, oswa ke yon akò pou lwe tè yon moun oswa yon antite ki te depoze yon Anèks F (Fòm 1040) nan senk (5) dènye ane yo; epi
4. Prèzidan ki montre koperativ la òganize pou fonksyone annakò ak sèt prensip koperativ yo ke Alyans Koperativ Entènasyonal la te etabli an 1995.

Anplis kondisyon ki anwo yo, aplikan pou lisans kòm yon Koperativ Marigwana Atizanal dwe mete enfòmasyon sa yo nan Pwofil Jesyon ak Operasyon li yo:

1. Plan operasyonèl pou kiltive marigwana an konfòmite ak 935 CMR 500.120; epi
2. Yon lis tout pwodui ke aplikan an planifye pou pwodui ak enfòmasyon sa yo:
 - a. Deskripsyon kalite, fòm, koulè, ak gou pwodui yo;
 - b. Metòd pwodiksyon yo;
 - c. Plan sekirite pou fabrikasyon ak pwodiksyon pwodui an konfòmite ak 935 CMR 501.130; epi
 - d. Egzanp nenpòt mak idantifikasyon inik ki pral parèt sou pwodui a.



Fabrikan Pwodui abaz Marigwana yo

Aplikasyon pou lisans kòm yon Fabrikan Pwodui abaz Marigwana yo dwe mete enfòmasyon sa yo nan Pwofil Jesyon ak Operasyon li yo:

1. Yon deskripsyon detaye sou plan aplikasyon an pwopoze pou jwenn marigwana nan men EM ki gen lisans; epi
2. Yon lis tout pwodui ke aplikasyon an planifye pou pwodui ak enfòmasyon sa yo:
 - a. Deskripsyon kalite, fòm, koulè, ak gou pwodui yo;
 - b. Metòd pwodiksyon yo;
 - c. Plan sekirite pou fabrikasyon ak pwodiksyon pwodui an konfòmite ak 935 CMR 501.130; epi
 - d. Egzanp nenpòt mak idantifikasyon inik ki pral parèt sou pwodui a.

Mikwo-antrepriz Marigwana

Aplikasyon pou lisans kòm yon Mikwo-antrepriz Marigwana dwe mete nan Aplikasyon Entansyon li prè rezidans nan Commonwealth la pou yon majorite manm oswa dirijan ki asosye ak aplikasyon an pou yon peryòd de 12 mwa youn apre lòt anvan dat aplikasyon an.

Anplis kondisyon ki anwo yo, aplikasyon pou lisans kòm yon Mikwo-antrepriz Marigwana dwe mete enfòmasyon sa yo nan Pwofil Jesyon ak Operasyon li yo:

1. Plan operasyonèl pou kiltive marigwana an konfòmite ak paragraf 935 CMR 500.120 (si l ap kiltive marigwana); epi
2. Yon lis tout pwodui aplikasyon an planifye pou pwodui ak enfòmasyon sa yo (si l ap fè operasyon fabrikasyon pwodui yo):
 - a. Deskripsyon kalite, fòm, koulè, ak gou pwodui yo;
 - b. Metòd pwodiksyon yo;
 - c. Plan sekirite pou fabrikasyon ak pwodiksyon pwodui an konfòmite ak 935 CMR 501.130; epi
 - d. Egzanp nenpòt mak idantifikasyon inik ki pral parèt sou pwodui a.
3. Yon deskripsyon detaye sou plan aplikasyon an pwopoze pou jwenn marigwana nan men EM ki gen lisans (sèlman si l ap fè operasyon fabrikasyon pwodui); epi
4. Si l ap chèche yon apwobasyon livrezon, yon deskripsyon detaye sou plan aplikasyon an pwopoze pou konfòme l ak 935 CMR 500.145: *Lòt Kondisyon Fonksyonman pou Livrezon Marigwana ak Pwodui abaz Marigwana bay Konsomatè yo.*

Detayan Marigwana

Aplikasyon pou lisans kòm yon Detayan Marigwana dwe genyen yon deskripsyon detaye sou



plan aplikan an pwopoze pou jwenn marigwana nan men EM ki gen lisans nan seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon.

Laboratwa Tès Endepandan yo

Si sa disponib, aplikan pou lisans kòm yon Laboratwa Tès Endepandan ("LTE") dwe enkli sètifikasyon ISO 17025:2017 yo ki soti nan yon kò akreditasyon tyès-pati ki se yon siyatè nan Aranjman Rekonesans Mityèl Koperasyon Akreditasyon Laboratwa Entènasyonal nan seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon an.

Si yon aplikan pou yon LTE pa kapab jwenn sètifikasyon ISO 17025:2017 li anvan lisans pwovizwa, aplikan an pral oblije bay sètifikasyon ISO sa a anvan Komisyon akòde yon lisans final. Yo ka bay anplwaye Komisyon an dokiman sa a lè yo fè enspeksyon an.

Transpòtè Marigwana

Aplikasyon Transpòtè Marigwana divize an de seksyon diferan pou pèmèt pou soumèt premye materyèl aplikasyon an. De seksyon sa yo se "Aplikasyon Pre-sètifikasyon" ak "Aplikasyon pou Lisans Pwovizwa" respektivman (plis detay sou sa nan pwochen seksyon an, anba a).

Aplikan pou yon lisans kòm yon Kourye Marigwana dwe enkli sa yo nan Seksyon Aplikasyon Entansyon aplikasyon pou Lisans Pwovizwa a:

1. Divilgasyon ak dokiman konsènan nenpòt akò livrezon ant aplikan an ak Detayan Marigwana a; epi
2. Divilgasyon ak dokiman konsènan nenpòt akò ant aplikan an ak yon Tyès-Pati Founisè Platfòm Teknoloji.

Lè w ap aplike pou yon lisans Kourye Marigwana, aplikan yo gendwa poko genyen akò livrezon ak Detayan Marigwana yo oswa akò ak founisè platfòm Tyès-Pati yo. Si aplikan yo pa genyen akò sa yo pandan pwosesis aplikasyon an, yo pa bezwen bay enfòmasyon sa yo. Sepandan, tanpri sonje ke tout aplikan yo ak titilè lisans yo dwe enfòme Komisyon sou nenpòt akò nan yon peryòd senk (5) jou ouvrab epi nenpòt akò k ap fèt.

Anplis de sa, aplikan Marigwana Courier yo dwe genyen yon rezime detaye sou plan livrezon li yo ak pwosedi yo an konfòmite a paragaf 935 CMR 500.145 nan seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon yo.



Diferans Ant Aplikasyon pou Lisans pou Granmoun/Medikal

Gen kèk diferans ant livrezon ki fèt pou rezon tilizasyon pou granmoun ak itilizasyon medikal:

- *STM yo ka livre, apre apwobasyon, bay pasyan ak founisè swen ki anrejistre nan kad lisans yo;*
- *Konsomatè marigwana ki sèvi pou granmoun yo dwe verifye davans pa yon Detayan Marigwana anvan yo kalifye pou livrezon;*
- *Livrezon pou granmoun sèvi ka fèt sèlman nan (1) vil/vilaj kote titilè lisans livrezon an lisansye a, (2) vil/vilaj ki pèmèt vann marigwana an detay, ak (3) vil/vilaj ki te enfòmè Komisyon an ke livrezon an kapab rive nan tèritwa li ;*
- *Ajan ki anrejistre k ap fè livrezon pou granmoun yo dwe mete kamera sou kò yo toutan deyò veyikil livrezon an pandan y ap fè livrezon marigwana. Tout konsomatè marigwana pou granmoun yo dwe avize sou egzijans sa a nan moman kòmman lan, sou prèv kòmman lan, epi nan rezidans lan.*

Operatè Livrezon Marigwana

Aplikasyon pou Transpòtè Marigwana divize an de seksyon diferan pou pèmèt yo soumèt premye materyèl aplikasyon an davans. De seksyon sa yo se "Aplikasyon Pre-sètifikasyon" ak "Aplikasyon pou Lisans Pwovizwa" respektivman (plis detay sou sa nan pwochen seksyon an, anba a).

Aplikasyon pou lisans kòm yon Operatè Livrezon dwe mete sa ki annapre yo nan aplikasyon Pre-Sètifikasyon an:

1. Yon plan livrezon ki demontre konfòmite a 935 CMR 500.146;
2. Yon plan pou jwenn Marigwana ak Pwodui abaz Marigwana;

Aplikasyon pou lisans kòm yon Operatè Livrezon dwe mete sa ki annapre yo nan aplikasyon pou Lisans Pwovizwa a:

1. Nenpòt dokiman ak enfòmasyon ki gen rapò ak akò ak Platfòm Teknoloji Tyès-Pati;
2. Yon plan detaye pou etiketaj blan, si sa aplikab, ki ta dwe gen ladan yon minimòm: imaj oswa logo yo dwe itilize kòm yon pati etikèt la epi si aplikasyon an oswa Etablisman Marigwana a se li ki pral mete etikèt la.



Etablisman Konsomasyon Sosyal

Aplikasyon pou lisans kòm yon Etablisman Konsomasyon Sosyal dwe genyen plan, règleman ak pwosedi sa yo kòm yon pati nan seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon aplikasyon Pre-Sètifikasyon an:

1. Planifye pou anpeche konsomatè yo pote marigwana ak pwodui abaz marigwana nan lokal la;
2. Pwosedi pou jete pwodui abaz marigwana ki pa vann ak ki pa konsome;
3. Pwosedi pou asire ke konsomatè yo pa gen twòp sèvis;
4. Pwosedi pou edike konsomatè yo sou risk afeblisman fakilte yo ak penalite pou opere anba enfliyan;
5. Plan operasyonèl pou asire EM lan fè yon efò dilijan pou ede kliyan ki gen pwoblèm yo jwenn mwayen transpò epi li adapte pou rejyon jewografik EM lan;
6. Si vaporizasyon oswa lòt fòm konsomasyon san fimèn ki enplike chalè yo otorize andedan kay la, plan ak plan bilding pou asire sa ki annapre yo:
 - a. Zòn konsomasyon ki enplike kote ki gen chalè izole de lòt zòn, separe pa mi ak yon pòt sekirize, ak aksè sèlman nan EM lan;
 - b. Anplwaye yo gen aksè a yon zòn san lafimen, san vapè;
 - c. Yon sistèm vantilasyon ki dirije vapè lafimen soti nan zòn konsomasyon nan deyò bilding lan atravè yon sistèm filtraj ki sifizan pou retire vapè, ki konfòm avèk tout kòd konstriksyon ak òdonans ki aplikab yo, epi ki adekwa pou elimine odè nan limit pwopriyete a;
7. Pwosedi pou asire ke pa gen okenn lavant fèt nan zòn konsomasyon an;
8. Pwosedi pou asire anplwaye yo kontwole konsomasyon nan yon zòn san lafimen, san vapè ki gen ladan, men pa sèlman, yon anplwaye ki kontwole sòti EM lan;
9. Pwosedi pou asire ke fimèn jan MGL defini sa c. 270 §22 entèdi andedan kay la; epi
10. Pwosedi pou asire pratik sanitè an konfòm ak 105 CMR 590 yo itilize.

Aplikasyon Lisans pou Kourye Marigwana, Operatè Livrezon Marigwana, ak Etablisman Konsomasyon Sosyal

Aplikasyon pou lisans Kourye Marigwana, Operatè Livrezon Marigwana ak Etablisman Konsomasyon Sosyal yo pral diferan de tout lòt aplikasyon pou lisans e li gen de pati: (1) Aplikasyon Pre-Sètifikasyon ak (2) Aplikasyon pou Lisans Pwovizwa. Tout enfòmasyon ak dokiman ki nesèsè pou tout aplikasyon pou lisans yo pral obligatwa men nan diferan pati aplikasyon an.

Pou Enfòmasyon Ou



Komisyon an ka chwazi jiska 12 minisipalite pou patisipe nan pwogram pilòt la. Yon minisipalite ki enterese ka soumèt yon aplikasyon pou patisipe nan pwogram nan ki siyen pa otorite kontra vil la oswa vilaj la. Lè l chwazi yon vil oswa yon vilaj, Komisyon an ka pran an konsiderasyon faktè ki gen ladan, men sèlman, kote jeyografik la, karakteristik sosyoekonomik, ak kantite popilasyon aplikan minisipal yo. Aplikasyon Etablisman Konsomasyon Sosyal la ap disponib depi omwen sis (6) minisipalite yo chwazi pou patisipe nan pwogram pilòt la. Tanpri sonje ke yo dwe pran yon mezi lejislatif anvan Komisyon an kòmanse pwogram sa a.

Pou Enfòmasyon Ou

Kèk limit sou sa ki ka sèvi oswa sa ki ka rive nan yon Etablisman Konsomasyon Sosyal dapre 935 CMR 500.141:

- *Pa plis pase 20 mg Δ9-THC ka vann bay yon sèl konsomatè nan yon sèl jou;*
- *Alkòl ak pwodui abaz tabak pa ka vann oswa konsome nan lokal la;*
- *Lavant pwodui abaz marigwana manjab yo limite a atik pre-anbale ki ka konsève (okenn pwodui ki ka gate);*
- *Lavant manje ki pre-anbale, ki ka konsève, ak bwason ki pa pwodui manjab abaz marigwana yo otorize si EM lan jwenn tout lisans ak pèmi ki nesesè pou fè sa; epi*
- *Ka vann akseswa marigwana apre li fin resevwa pèmisyon nan men Komisyon an.*

Aplikasyon Pre-Sètifikasyon

Aplikasyon Pre-Sètifikasyon an pral mande pou aplikan yo soumèt enfòmasyon limite ki montre yon tandans pou yo opere yon EM avèk siksè. Aplikan an pral oblije divilge enfòmasyon ki gen rapò ak pwopriyete ak kontwòl yo pwopoze a, enfòmasyon debaz, epi règleman ak pwosedi operasyon yo souvan obligatwa pou tout kalite lisans. Yo pral mande frè aplikasyon an sof si yo anile dapre règleman yo. Sepandan, nan Aplikasyon Pre-Sètifikasyon an, yo p ap mande oswa oblije aplikan yo soumèt enfòmasyon sa yo:

1. Divilgasyon kote ak enterè pwopriyete a;
2. Sètifikasyon Akò Kominote Akèy;
3. Dokiman pou Reyinyon Sansibilizasyon Kominotè;
4. Prèy yon obligasyon oswa yon kont ansekès;



5. Enfòmasyon sou resous an kapital; epi
6. Planifye pou Rete Konfòm ak Òdonans Lokal yo

Yon fwa yo soumèt yon Aplikasyon Pre-Sètifikasyon, yo pral egzamine l pou asire ke li konfòm ak règleman Komisyon an. Nan etap aplikasyon sa a, verifikasyon antesedan ak anprent pa obligatwa. Si Komisyon an apwouve l, aplikan an pral konsidere kòm pre-sètifye—apwobasyon sa a pa bay okenn kalite lisans oswa garanti lisans. Sepandan, apre apwobasyon an, yo pral voye yon avi ki gen dat ak yon kopi Aplikasyon Pre-Sètifikasyon yo a.

Aplikasyon pou Lisans Pwovizwa

Nan 24 mwa apre yon aplikan te pre-sètifye, aplikan an dwe soumèt yon Aplikasyon pou Lisans Pwovizwa. Pa gen okenn frè aplikasyon obligatwa pou pati sa a nan aplikasyon an. Nan pati sa a nan aplikasyon an, aplikan an dwe mete ajou tout enfòmasyon yo te bay deja. Aplikan an ap oblije soumèt tout lòt enfòmasyon ak dokiman ki obligatwa yo anjeneral divilge nan tout lòt aplikasyon pou lisans.

Yon fwa yo soumèt yon Aplikasyon pou Lisans Pwovizwa, yo pral egzamine l pou asire li konfòm ak règleman Komisyon an. Yo pral egzije verifikasyon antesedan ak anprent dijital nan etap sa a nan aplikasyon an epi yo pral mande kominote akèy la pou reponn sou konfòmite EM ki pwopoze a ak òdonans oswa règleman entèn lokal yo. Si Komisyon an apwouve li, yo pral egzije aplikan an peye frè lisans ki asosye a dapre règleman yo epi yo pral ba li yon lisans pwovizwa.

Pou Enfòmasyon Ou

Lisans Etablisman Konsomasyon Sosyal yo dwe disponib sèlman pou Aplikan Otonomizasyon Ekonomik yo, Patisipan Ekite Sosyal yo, Mikwo-antrepriz yo, ak Koperativ Marigwana Atizanal yo pandan 36 mwa apati de lè yo bay yon titilè lisans Konsomasyon Sosyal apwobasyon pou premye kòmansman operasyon yo.

- *Lisans Marigwana Courier ak Operatè Livrezon Marigwana yo pral disponib sèlman pou Aplikan Otonomizasyon Ekonomik yo ak Patisipan Ekite Sosyal yo pandan 36 mwa apati de lè yo bay yon titilè lisans Operatè Livrezon Marigwana apwobasyon pou premye kòmansman operasyon yo.*

Òdonans Revizyon

Komisyon an revize tout aplikasyon pou lisans ki te soumèt konplètman. Yon fwa ke li soumèt konplètman, yon aplikasyon pou lisans antre nan liy datant pou yo egzamine l dapre dat ak lè yo soumèt li



epi si wi ou non aplikasyon an se yon aplikasyon priyoritè, akselere oswa jeneral. Aplikasyon yo revize nan lòd sa a, ak aplikasyon priyorite an premye, ki te swiv pa aplikasyon akselere epi finalman aplikasyon jeneral yo.

Aplikasyon Priyoritè yo

Aplikasyon Priyoritè STM yo te deziyen anvan oswa Aplikasyon Priyoritè Otonomizasyon Ekonomik yo dwe gen yon estati priyoritè; kidonk, yo egzamine yo anvan lòt aplikasyon yo. Men, estati priyoritè pa disponib pou nouvo aplikasyon yo jan lalwa mande sa. Komisyon an egzamine aplikasyon priyoritè yo sou yon baz altènatif, ankòmansan ak premye aplikasyon an ke li resevwa swa nan men yon Aplikasyon Priyoritè STM oswa yon Aplikasyon Priyoritè Otonomizasyon Ekonomik. Komisyon an te adopte yon politik ke yon aplikasyon ka sèlman itilize estati STM Priyoritè li pou yon aplikasyon pou granmoun kote EM yo pwopoze a pral nan kolokasyon ak STM lan epi fè menm kalite operasyon yo (vann an detay, fabrike pwodui oswa kiltive). Anplis de sa, yo bay estati priyoritè STM lan sèlman pou aplikasyon pou granmoun yo kote lisans STM lan toujou aktif nan moman yo soumèt aplikasyon pou granmoun yo epi nan menm kote ak operasyon STM lan.

Aplikasyon Akselere

Aprè aplikasyon priyoritè yo, Komisyon an pral egzamine aplikasyon akselere yo anvan dat ak lè aplikasyon an te soumèt konplètman. Aplikasyon akselere yo se sa ki soumèt pa Patisipan Ekite Sosyal yo, aplikasyon Mikwo-antrepriz Marigwana, aplikasyon Koperativ Marigwana Atizanal, aplikasyon Laboratwa Tès Endepandan, aplikasyon Kiltivatè Marigwana Deyò, antrepriz ki pou minorite yo, antrepriz ki pou fanm, ak antrepriz ki pou veteran yo. Gen sèten kondisyon ki egziste pou aplikasyon ki swete yon revizyon akselere:

- Aplikasyon pou Mikwo-antrepriz Marigwana yo, Koperativ Marigwana Atizanal yo, Laboratwa Tès Endepandan yo, ak Kiltivatè Marigwana Deyò yo kapab itilize revizyon rapid pou aplikasyon espesifik sa yo sèlman epi pa gen lòt kalite aplikasyon pou lisans;
- Yon Patisipan Egalite Sosyal dwe posede 10% oswa plis nan fon pwòp nan yon EM yo pwopoze pou aplikasyon an resevwa revizyon akselere.
 - Tanpri sonje ke Patisipan nan Egalite Sosyal yo ka resevwa revizyon akselere yo demontre yon patisipasyon 10% men yo p ap kapab kalifye pou yon anilasyon frè si patisipasyon mwens pase 50%;
- Yon antrepriz ki pou yon minorite, yon antrepriz ki pou fanm, ak/oswa yon antrepriz ki pou yon veteran dwe divilge deziyasyon sa a nan aplikasyon pou lisans yo epi swa (1) yo sètifye kòm kalite antrepriz espesifik bò kote Biwo Divèsite Founisè a oswa (2) enskri pou klas biznis obligatwa Biwo Divèsite Founisè a epi ranpli ak telechaje Afidavi revizyon Akselere a nan aplikasyon lisans yo. Sètifikasyon kòm antrepriz ki pou yon minorite, antrepriz ki pou fanm, ak/oswa antrepriz ki pou veteran pa Biwo Divèsite Founisè a pral egzijib anvan yo



jwenn yon lisans definitif. Pou plis enfòmasyon ki gen rapò ak jwenn sètifikasyon nan men Biwo Divèsite Founisè ale sou: <https://www.mass.gov/supplier-diversity-office>.

- Tanpri sonje ke biznis ki gen entansyon pou yo sètifye pa Biwo Divèsite Founisè a kalifye pou revizyon akselere lè yo demontre sèten kondisyon. Sepandan, yo p ap kalifye pou okenn anilasyon frè sof si yo reyèlman sètifye pa Biwo Divèsite Founisè a.

Aplikasyon Jeneral yo

Lè pa gen okenn aplikasyon priyoritè oswa aplikasyon akselere ki ap tann premye egzamen, tout lòt aplikasyon jeneral yo egzamine nan dat ak lè aplikasyon an te soumèt konplètman.

Diferans Ant Aplikasyon pou Lisans pou Granmoun/Medikal

Pandan ke aplikasyon pou granmou yo pral egzamine sou baz, an pati, kalite priyorite oswa estati akselere yo resevwa, aplikasyon STM yo egzamine sèlman nan dat ak lè yo te soumèt aplikasyon an. Yo pa bay aplikan STM yo priyorite oswa revizyon akselere.

Reponn a yon Demann Enfòmasyon (RDE)

Yon fwa yo resevwa yon aplikasyon pou lisans, yo egzamine l pou asire li konfòm ak règleman Komisyon an. Si nenpòt pati nan aplikasyon an pa konfòm ak règleman Komisyon an, aplikan an pral resevwa yon avi pou mande plis enfòmasyon, ke yo rele souvan yon RDE. Tout avi RDE yo pral genyen enfòmasyon sou nenpòt defisyans oswa pwoblèm non-konfòmite yo idantifye avèk yon ekspoze tou kout.

Aplikan yo pral resevwa avi RDE nan adrès imel antrepriz yo idantifye nan aplikasyon yo a. Yo pral voye lòt notifikasyon atravè MassCIP sou kont itilizatè a lè aplikasyon pou lisans lan oswa seksyon ki enpòtan nan aplikasyon lisans lan relouvri. Aplikan yo ta dwe fè efò pou trete defisyans la oswa pwoblèm non-konfòmite a alè epi pa fè okenn lòt chanjman yo pa t mande nan aplikasyon an. Sepandan, si yo fè lòt chanjman nan aplikasyon an, aplikan an ta dwe voye yon notifikasyon bay licensing@cccmass.com.

Yon fwa ke tout defisyans ak pwoblèm non-konfòmite yo te regle, epi yo te telechaje tout dokiman ak enfòmasyon ki nesèsè yo, aplikan an ta dwe resoumèt aplikasyon pou lisans lan oswa seksyon ki enpòtan an. Komisyon an pral egzamine nouvo enfòmasyon yo alè. Yo pral konsidere aplikasyon an konplè si jwenn li konfòm ak règleman Komisyon an, otreman, yo pral voye yon avi RDE adisyonèl apre yon egzamen siplemantè.



Diferans Ant Aplikasyon pou Lisans pou Granmoun/Medikal

Tout aplikasyon pou granmoun fè itilizasyon yo trete atravè MassCIP. Kounye a, aplikasyon pou lisans STM yo disponib sèlman atravè MassCIP.

Yo Konsidere Aplikasyon an konplè

Komisyon an pral voye yon avi bay aplikan yo lè li konsidere aplikasyon yo a konplè. Avi a ap genyen enfòmasyon sa yo:

- Enstriksyon sou peman pou fè verifikasyon antesedan;
- Enstriksyon pou anprent pou tout moun ki nesèsè yo;
- Notifikasyon ke aplikasyon an, nan limit lalwa pèmèt, yo te voye l bay minisipalite a (nan kote EM lan pral ye) pou mande yon repons sou konfòmite EM/STMT yo ak òdonans lokal oswa règleman entèn yo nan 60 jou; epi
- Notifikasyon ke Komisyon an pral konsidere aplikasyon an pou yon lisans pwovizwa nan 90 jou.

Aplikan yo ta dwe suiv tout enstriksyon ki nan avi sa a alè. Anplis de sa, aplikan yo oblije kenbe tout enfòmasyon ki nan aplikasyon yo ajou epi yo ka fè sa lè yo notifiye licensing@cccmass.com. Tanpri sonje ke si yon chanjman materyèl rive apre yo fin jije yon aplikasyon konplè, Komisyon an ka konsidere aplikasyon an enkonplè annatandan egzamen apwofondi.

Pandan peryòd 90 jou sa a, Komisyon an pral egzamine tout rapò sou verifikasyon antesedan ak anprent dijital yo pou asire yo apwopriye an konfòmite ak 935 CMR 500.800, 500.801, 501.800, ak 501.801, jan sa aplikab.

Anplis de sa, Komisyon an pral revize nenpòt repons minisipalite a voye nan sa ki konsène konfòmite lokal la. Si yo resevwa enfòmasyon ki prezante pwoblèm konfòmite, y ap fè aplikan an konnen. Si tout enfòmasyon yo resevwa yo konfòm, yo pral rekòmande aplikasyon an pou lisans pwovizwa.

Pou Enfòmasyon Ou

Minisipalite yo gen plis chans gen kondisyon lisans lokal yo, tankou pèmi espesyal, ki nesèsè pou opere yon EM oswa STM. Kèk minisipalite egzije satisfaksyon pwosedi lokal la



egzijans anvan lisans pwovizwa— aplikan yo dwe asire tout kondisyon pou lisans lokal yo satisfè pandan faz aplikasyon an. Sepandan, jan sa fèt souvan, pèmi espesyal, pèmi konstriksyon, ak lòt kondisyon lisans lokal yo obligatwa anvan lisans definitif la epi anplwaye Komisyon an pral verifye yo pandan faz enspeksyon an ak anvan lisans definitif la epi titilè lisans lan kapab mennen aktivite l.

Pwosesis pou jwenn yon lisans

Tout aplikan k ap chèche lisans kòm yon EM oswa STM swiv menm pwosesis pou jwenn lisans lan. Aplikan yo soumèt dabò yon aplikasyon lisans pou lisans patikilye yo ap chèche a. Pwosesis aplikasyon lisans lan te diskite nan seksyon anvan yo. Seksyon k ap vini yo diskite sou sa ki rive epi ki obligatwa yon fwa Komisyon an apwouve yon aplikan pou yon lisans pwovizwa.

Lisans Pwovizwa

Yon fwa ke yon aplikan apwouve pou yon lisans pwovizwa, yo konsidere li pwovizwaman apwouve. Aplikan ki apwouve pwovizwaman an dwe peye frè yo egzije pou lisans lan nan 90 jou. Si l pa peye frè lisans ki aplikab la nan peryòd tan ki nesese a, sa pral lakòz apwobasyon lisans lan ekspire. Si sa rive, li pral bezwen ranpli yon nouvo aplikasyon pou lisans dapre 935 CMR 500.101 epi yo pral mande apwobasyon Komisyon an.

Tout aplikan ki apwouve pwovizwaman pral resevwa yon avi apre apwobasyon Komisyon an atravè adrès imel antrepriz li ki nan aplikasyon li a ki eksplike pwochen etap ki gen ladan sa ki annapre yo:

- Pwosesis pou remèt frè lisans ki nesese yo;
- Enfòmasyon ki gen rapò ak demann yon revizyon achitekti, si sa aplikab;
- Bezwen pou soumèt aplikasyon pou tout kad, direktè, manm konsèy, manadjè, anplwaye, ak volontè aktyèl yo kòm ajan anrejistre; epi
- Nesosite pou soumèt yon demann pou yon Enspeksyon Apre Lisans Pwovizwa yon fwa ke sèten kondisyon yo te ranpli. Y ap mete yon fòm pou mande enspeksyon sa a nan avi lisans pwovizwa w la.

Titilè lisans yo ka mande yon enspeksyon apre lisans pwovizwa yon fwa yo fin ranpli sa ki annapre yo:

- Tout konstriksyon ak renovasyon yo fini;
- Yo jwenn tout pèmi lokal yo, sètifika okipasyon yo, lisans lokal yo, ak apwobasyon yo;



- Tout kad, direktè, manm konsèy administrasyon yo, manadjè yo, anplwaye yo, ak volontè aktyèl yo te anrejistre kòm ajan;
- Tout kondisyon lisans pwovizwa a te respekte epi yo pare pou anplwaye Komisyon an egzamine yo; epi
- Konfòmite konplè egziste sou sekirite, depo, transpò, ak tout lòt pwosedi fonksyonman, jan sa aplikab.

Diferans Ant Aplikasyon pou Lisans pou Granmoun/Medikal

Pwosesis pou anrejistre ajan yo pou EM yo diferan de pwosesis pou STM yo. Premyèman, tout aplikan ki apwouve pa pwovizwa dwe remèt frè lisans yo egzije yo. EM yo dwe apwouve frè lisans yo nan MassCIP. Yon fwa yo apwouve yo, titilè lisans yo ka kòmanse ranpli aplikasyon enskripsyon ajan yo lè yo sèvi avèk nimewo lisans yo atravè MassCIP. STM yo dwe ranpli dokiman yo voye ak avi lisans pwovizwa yo epi swiv tout enstriksyon yo. Yon fwa prensip yo asiyen pou STM ou an, ou pral kapab ranpli aplikasyon enskripsyon ajan yo atravè MMJOS.

Yon fwa titilè lisans la pare pou yon Enspeksyon Apre Lisans Pwovizwa a, yo pral ranpli fòm demann yo voye ak avi lisans pwovizwa a epi swiv enstriksyon yo. Anplwaye Komisyon an ap rele epi pwograme enspeksyon an—enspeksyon sa a pral yon enspeksyon anonse. Jou enspeksyon an, anplwaye Komisyon an pral egzamine si titilè lisans lan respekte règleman ki aplikab yo. Tanpri sonje ke Komisyon an te ofri priyorite ak pwogramasyon akselere enspeksyon bay titilè lisans ki kalifye yo jan yo te fè pou aplikasyon yo.

Aprè yon enspeksyon kote yo konstate yon vyolasyon oswa yo detèmine otreman te gen yon vyolasyon, Komisyon an dwe bay yon deklarasyon defisyanans ki site chak vyolasyon yo idantifye. Yon kopi deklarasyon an dwe rete pou titilè lisans lan a oswa yo voye l ba li. Yon titilè lisans dwe soumèt bay Komisyon an yon plan koreksyon alekri pou nenpòt vyolasyon ki site nan deklarasyon defisyanans yo pibliye nan dis (10) jou ouvrab apre li resevwa deklarasyon an. Yon plan dwe endike, anrapò ak chak defisyanans, mezi korektif espesifik yo dwe pran, yon kalandriye pou mezi sa yo, ak dat yo pral reyalize konfòmite a. Komisyon an dwe egzamine plan koreksyon an epi li dwe fè titilè lisans lan konnen si yo asepte oswa rejte plan an. Yon plan ki pa akseptab dwe amande epi soumèt ankò nan senk (5) jou ouvrab apre resepsyon avi sa a. Anplwaye Komisyon an ap pwograme epi fè yon re-enspeksyon jiskaske yo reyalize konfòmite a konplètman.

Li enpòtan pou sonje ke titilè lisans pwovizwa yo pa dwe posede marigwana pou operasyon pou



granmoun oswa itilizasyon medikal anvan yo jwenn apwobasyon pou yon lisans definitif.

Lisans Definitif

Yon fwa titilè lisans lan konplètman an konfòmite apre yon Enspeksyon Apre Lisans Pwovizwa, yo pral rekòmande EM ak/oswa STM bay Komisyon an pou yon lisans definitif. Komisyon an ka apwouve emisyon yon lisans definitif dapre kondisyon ki ka gen ladan, men pa sèlman, kapasite pou posede marigwana ak pwodui abaz marigwana epi mennen aktivite pou lisans patikilye a. Yo pral entèdi tout titilè lisans definitif yo vann marigwana ak pwodui abaz marigwana bay lòt titilè lisans, ak konsomatè nan ka Detayan Marigwana yo ak sèten lòt lisans, jiskaske yo resevwa pèmisyon pou kòmanse opere konplètman.

Tout titilè lisans definitif yo pral resevwa yon avi apre apwobasyon Komisyon an atravè adrès imel biznis li ki nan aplikasyon li a ki eksplike pwochen etap ki gen ladan yo sa ki annapre yo:

- Nesesite pou titilè lisans lan fè pèsonèl esansyèl la konplete avèk siksè tout fòmasyon Metrc epi jwenn aksè nan sistèm Metrc a si li pa deja konplete;
- Antre envantè inisyal la nan Metrc;
- Kòmanse make tout plant yo;
- Asire tout etikèt ak anbalaj pou marigwana ki fini ak pwodui abaz marigwana yo konfòm;
- Asire ke tout marigwana ak pwodui abaz marigwana anbale pou vann bay konsomatè yo gen rezilta laboratwa ki retrasab epi rezilta sa yo te konplete pa yon Laboratwa Tès Endependan Komisyon lisans lan apwouve;
- Soumèt aplikasyon pou tout anlwaye ak volontè kòm ajan ki anrejistre sou yon baz kontinyèl;
- Asire ke titilè lisans la te anrejistre pou Taks sou Vant Marigwana nan Depatman Revni an (pou Detayan Marigwana yo, Operatè Livrezon Marigwana yo, ak Mikwo-antrepriz ki itilize yon Apwobasyon Livrezon sèlman); epi
- Nesesite pou soumèt yon demann pou yon Enspeksyon Lisans Pòs-Definitif yon fwa ke sèten kondisyon yo te ranpli. Y ap mete yon fòm pou mande enspeksyon sa a nan avi lisans definitif ou.

Yon fwa titilè lisans la pare pou yon Enspeksyon Apre Lisans Definitif la, li pral ranpli fòm demann yo voye ak avi lisans definitif la pi swiv enstriksyon yo. Anlwaye Komisyon an ap rele epi pwograme enspeksyon an—enspeksyon sa a pral yon enspeksyon anonse. Tanpri sonje ke Komisyon an te ofri priyorite ak pwogramasyon akselere enspeksyon bay titilè lisans ki kalifye yo jan yo te fè pou aplikasyon yo.

Jou enspeksyon an, anlwaye Komisyon an pral egzamine si titilè lisans lan respektè règleman ki aplikab



yo. Pwosedi yo pou deklarasyon defisyans ak plan koreksyon ki te endike nan seksyon ki anwo a aplike tou pou enspeksyon sa a.

kòmanse Operasyon yo.

Yon fwa titilè lisans lan konfòmite konplè apre yon Enspeksyon Apre yon Lisans Definitif, yo pral rekòmande EM ak/oswa STM bay Komisyon an pou kòmanse operasyon yo. Yon fwa yo apwouve li, titilè lisans lan pral resevwa yon avi pou kòmanse operasyon yo. Yon fwa li resevwa li, titilè lisans lan dwe bay Komisyon an yon avi alekri twa (3) jou kalandriye konplè anvan dat operasyon yo pral kòmanse a. Titilè lisans yo ka kòmanse vann pwodui an gwo epi sèten titilè lisans ka kòmanse vann marigwana ak pwodui abaz marigwana bay konsomatè yo ak pasyan yo.

V. Renouvèlman Lisans

Tout titilè lisans ki te apwouve pa Komisyon an pou omwen yon lisans pwovizwa dwe renouvle lisans yo chak ane. Titilè lisans lan dwe jwenn aksè nan Massachusetts Cannabis Industry Portal ("MassCIP") lè l sèvi avèk non itilizatè ak modpas li. Yon lisans vin aktif yon fwa ke Komisyon an apwouve li pwovizwaman epi li resevwa frè lisans la epi trete li. Yon lisans ekspire sou yon (1) ane apati dat li vin aktif. Yon aplikasyon renouvèlman ap vin disponib pou titilè lisans lan nan MassCIP 120 jou anvan lisans li a ekspire. Titilè lisans yo oblije soumèt yon aplikasyon pou renouvèlman omwen 60 jou anvan lisans lan ekspire.

Diferans Ant Aplikasyon pou Lisans pou Granmoun/Medikal

STM ki, ominimòm, lisansye pwovizwaman, dwe soumèt aplikasyon renouvèlman yo ak frè renouvèlman yo egzije a deyò MassCIP pou yon avni pwòch. Fòm ak enstriksyon yo disponib sou sitwèb Komisyon an.

Yon fwa prensip yo asiyen pou STM ou an, ou pral kapab ranpli aplikasyon enskripsyon ajan yo atravè MMJOS.

Kondisyon pou Renouvèlman Lisans

Aplikasyon pou renouvèlman an pral egzije tout titilè lisans yo bay enfòmasyon ki ajou pou bagay sa yo:

- Enfòmasyon kontak titilè lisans lan, si sa nesesè;
- Enfòmasyon sou biznis pou antite kounye a sou lisans lan;



- Enfòmasyon pèsonèl pou moun ki kounye a sou lisans lan, ki gen ladan moun ak antite ki pa asosye ak lisans lan ankò;
- Enfòmasyon ki gen rapò ak enterè endividyèl nan biznis ki gen rapò ak kanabis ak lisans nan Massachusetts ak lòt jiridiksyon yo;
- Prèv ke titilè lisans lan te mande kominote akèy la dosye tout depans ki te enpoze sou vil la oswa vilaj la ki gen rapò rezonab ak operasyon EM oswa STM lan. Demann titilè lisans lan dwe endike ke, an konfòmite ak paragraf MGL c. 94G, § 3(d), nenpòt pri operasyon yon EM oswa STM yo enpoze pou yon vil oswa yon vilaj dwe dokimante epi konsidere kòm yon dosye piblik jan MGL c. 4, § 7, cl. defini l. 26 Dokimantasyon dwe gen ladan demann lan ak repons solid vil la oswa vilaj la ki gen ladan depans reyèl ak depans antisipe ki soti nan operasyon an. Si vil la oswa vilaj la pa soumèt yon repons solid, titilè lisans lan a dwe bay yon atestasyon nan sans sa a.
- Plan titilè lisans lan pou l rete an konfòmite ak òdonans oswa règleman entèn lokal yo pou l enkli espesyalman tout enfòmasyon ki konsène distri dekoupaj an zòn, pèmi espesyal, pèmi konstriksyon, sètifika lokasyon, ak tout lòt kondisyon lokal yo;
- Nouvo divilgasyon antesedan pou tout moun ak antite ki asosye ak lisans lan;
- Sètifika Depatman Revni Massachusetts, Sekretè Commonwealth Massachusetts, ak Depatman Asistans Chomaj Massachusetts ki date nan 90 jou yo;
- Si moun titilè lisans lan poko operasyonèl, yon delè pou vin operasyonèl ki gen ladann sa ki annapre yo: apwobasyon lokal ki ansispan, obstak operasyonèl, ak dat espesifik ki prevwa pou lè nenpòt pwoblèm pral rezoud, epi etablisman an ap vin operasyonèl.

Anplis de sa, titilè lisans yo oblije telechaje bagay sa yo:

- Mizajou rezime plan yo, politik, ak pwosedi ki gen rapò ak sekirite, transpò, prevansyon detounman, kontwòl kalite ak tès, distribisyon, envantè, ak lòt ki te deja obligatwa;
- Prèv detaye, demonstratif, ak kwantifyab sou efò etablisman an, pwogrè ak siksè Plan Enpak Pozitif li ki apwouve;
- Prèv detaye, demonstratif, ak kwantifyab sou efò etablisman an, pwogrè, ak siksè Plan Divèsite li ki apwouve;
- Bay yon Plan Enpak Pozitif ki ajou;
- Bay yon Plan Divèsite ki ajou, epi
- Finalman, aplikan pou renouvèlman yo pral oblije peye frè lisans ki nesèsè yo.

Aplikasyon pou renouvèlman yo pral mande pou sèten titilè lisans bay sa ki annapre yo:



- Kiltivatè yo ak Kooperativ Marigwana Atizanal yo dwe bay dokiman ak enfòmasyon ki montre ke operasyon kilti a te vann plis pase 70% nan pwodui li yo ki te rekòlte totalman nan sis mwa ki sot pase yo. Kiltivatè yo ak Kooperativ Marigwana Atizanal yo ka wè nivo yo diminye si, dapre analiz pwa sèk la, yo te vann mwens pase 70% kantite marigwana ki kiltive ak trete bay Fabrikan Pwodui oswa Detayan yo. Lè y ap detèmine si y ap redwi nivo yon titilè lisans, yo ka konsidere lòt faktè:
 - Istwa kilti ak pwodiksyon epi si envantè a te sibi yon evènman katastwofik;
 - Istwa peman taks transfè, vant ak enpo endirèk;
 - Envantè ki egziste deja;
 - Kontra lavant; epi
 - Nenpòt lòt faktè ki enpòtan pou asire jesyon responsab.
- Kiltivatè yo, Kooperativ Marigwana Atizanal yo, ak Mikwo-antrepriz yo dwe bay sa ki annapre yo: (1) yon rapò sou itilizasyon enèji ak dlo li pandan 12 mwa anvan yo epi (2) yon lèt sou konfòmite enèji nouvo oswa ki mete ajou pa yon enjenyè pwofesyonèl ki gen lisans Massachusetts oswa yon achitek ki anrejistre ansanm ak dokiman sipò yo.
- Fabrikan pwodui yo, Mikwo-antrepriz yo, ak Kooperativ Marigwana Atizanal yo dwe bay enfòmasyon detaye konsènan pwodui yo te fè yo. Enfòmasyon ki obligatwa yo enkli sa ki annapre yo: foto pwodui yo, foto etikèt pwodui yo, divilgasyon kalite pwodui a, ak deskripsyon pwodui ki gen ladan kalite, koulè, ak gou.
- Detayan Marigwana ki an Kolokasyon yo dwe soumèt enfòmasyon sa yo ki gen rapò ak pwovizyon marigwana pou pasyan yo:
 - Politik titilè lisans lan ak pwosedi yo (pa egzanp, pwen done yo, fòmil) yo te baze sou yo pou detèmine kisa ki reprezante yon kantite sifizan ak varyete pwodui abaz marigwana an konfòmite ak paragraf 935 CMR 500.140(10); epi
 - Politik ak pwosedi titilè lisans la pou detèmine sa ki kalifye kòm yon sibstitisyon rezonab pou yon pwodui abaz marigwana medikal dapre paragraf 935 CMR 500.140(10) ak politik li pou kominike pasyan yo fyabilite sibstitisyon an.

Titilè lisans yo p ap kapab mete ajou sèten enfòmasyon nan aplikasyon renouvèlman an paske Komisyon an gen lòt fason pou fè chanjman sa yo:

- Titilè lisans yo p ap kapab ajoute moun oswa antite ki pral jwenn patisipasyon oswa kontwòl sou etablisman an;
- Titilè lisans yo pap kapab chanje kote etablisman an; epi
- Titilè lisans yo p ap kapab chanje non etablisman an.

Yon fwa yo te peye frè lisans lan, epi yo te bay tout enfòmasyon ki nesesè yo epi ki mete ajou,



titilè lisans la ap kapab soumèt aplikasyon pou renouvèlman an.

Komisyon an ka mande plis enfòmasyon pou detèmine si yo ta dwe akòde oswa refize aplikasyon pou renouvèlman an. Komisyon an ka refize yon aplikasyon pou renouvèlman pou nenpòt rezon ki tabli nan paragraf 935 CMR 500.450, ki gen ladan men pa sèlman, si yo pa bay enfòmasyon konplè, egzat oswa veridik.

Kesyon ak Repons sou Renouvèlman Lisans

1. Ki jan yo kalkile dat ekspirasyon lisans lan?

Yon fwa yon aplikan apwouve pa Komisyon an pou yon lisans pwovizwa, li dwe peye frè lisans yo. Dat Komisyon an apwouve peman frè lisans lan se lè lisans lan kòmanse a. Li ekspire yon ane apati dat yo apwouve frè a.

2. Kouman pou mwen konnen ki lè lisans mwen an ekspire?

Gen plizyè fason pou chèche konnen ki lè lisans ou ap ekspire:

- Titilè Lisans lan pral resevwa yon avi apeprè 150 jou anvan dat ekspirasyon lisans lan.
- Si ou te resevwa yon lisans definitif, dat ekspirasyon lisans ou a pral nan kwen anwo adwat sètifika lisans ou te resevwa a.
- Si w konekte nan MassCIP, ou ka jwenn enfòmasyon sou lisans ou a ki pral montre dat ekspirasyon an.

3. Poukisa mwen pa ka ajoute moun oswa antite nan aplikasyon pou renouvèlman an?

Pwosesis pou ajoute moun oswa antite sou yon lisans se yon pwosesis separe ki prevwa nan règleman yo. Pwosesis sa a mande pou yon machann fè yon verifikasyon antesedan ak anprent. Anplis de sa, li mande pou Komisyon an egzamine moun ak antite nan objektif pou konfòme li avèk limit lisans yo.

4. Poukisa mwen pa ka chanje adrès etablisman an nan aplikasyon pou renouvèlman an?

Pwosesis pou chanje kote yon etablisman se yon pwosesis separe ki prevwa nan règleman yo. Pwosesis sa a egzije yon analiz apwofondi dokiman enterè pwopriyete, fè yon Reyinyon Sensibilizasyon Kominotè, egzekite yon Akò Kominote Akèy, epi mande pou notifikasyon ak repons minisipal yo.

5. Poukisa mwen pa ka chanje adrès etablisman an nan aplikasyon pou renouvèlman an?

Pwosesis pou chanje kote yon etablisman se yon pwosesis separe ki prevwa nan règleman yo. Pwosesis sa a mande pou soumèt atik enkòporasyon yo pwopoze yo ak



notifikasyon bay Sekretè Commonwealth la yon fwa ke chanjman an fin apwouve pa Komisyon an. Notifikasyon sa a pral bezwen plis apwobasyon pa Sekretè Commonwealth la.

6. *Kisa mwen pral bezwen montre kòm dokimantasyon pou demontre pwogrè rezonab oswa siksè Plan Enpak Pozitif mwen an?*

Titilè lisans yo oblije gen yon enpak pozitif sou zòn ki afekte yon fason dispwopòsyonèl yo. Tout titilè lisans yo soumèt yon Plan Enpak Pozitif nan premye aplikasyon yo ki dekri objektif, pwogram, ak mezi yo planifye pou aplike. Lè sa a, titilè lisans yo oblije demontre pwogrè oswa siksè pwogram sa yo.

Titilè lisans yo ta dwe itilize mezi yo, ak paramèt jeneral yo, pou demontre pwogrè oswa siksè chak eleman nan plan yo a. Dokimantasyon ki ka soumèt pou demontre pwogrè oswa siksè gen ladann bagay sa yo:

- Rapò entèn ak done verifyab yo;
- Enfòmasyon ak sondaj patisipan yo;
- Akò sèvis ak vandè yo;
- Rapò travay yo;
- Atik Laprès yo;
- Dokiman Tyès-Pati;
- Dokimantasyon don; epi
- Lòt dokimantasyon.

7. *Kisa mwen pral bezwen montre kòm dokimantasyon pou montre pwogrè rezonab oswa siksè Plan Enpak Pozitif mwen an?*

Titilè lisans lan yo oblije ankouraje egalite pami fanm yo, moun ki gen koulè yo, patikilyèman moun nwa, afriken ameriken, panyòl, latinx, ak endijèn yo, veteran yo, moun ki andikape, ak moun LGBTQ+. Tout titilè lisans yo soumèt yon Plan Divèsite nan premye aplikasyon yo ki dekri objektif, pwogram, ak mezi yo planifye pou aplike.

Lè sa a, titilè lisans yo oblije demontre pwogrè oswa siksè pwogram sa yo.

Titilè lisans yo ta dwe itilize mezi yo, ak paramèt jeneral yo, pou demontre pwogrè oswa siksè chak eleman nan plan yo a. Dokimantasyon ki ka soumèt pou demontre pwogrè oswa siksè gen ladann bagay sa yo:

- Rapò entèn ak done verifyab yo;
- Akò sèvis ak vandè yo;
- Rapò travay yo;



- sondaj anplwaye yo;
 - Materyèl fòmasyon yo
 - Lòt dokimantasyon.
8. *Poukisa mwen bezwen mete ajou rezime plan, règleman, ak pwosedi etablisman an?* Tout titilè lisans yo oblije mete ajou enfòmasyon ki nan aplikasyon orijinal li pou lisans lan. Titilè lisans yo dwe kenbe epi konsève pwosedi fonksyònman estanda yo dapre règleman Komisyon an. Pwosedi operasyon estanda sa yo ka itilize pou mete ajou plan sa yo toutotan seksyon ki enpòtan yo telechaje separeman.
9. *Èske mwen bezwen verifikasyon antesedan ak anprent dijital pou moun ak antite ki nan lis aplikasyon renouvèlman an?*
Non. Sepandan, tout moun ki asosye ak etablisman an dwe anrejistre kòm ajan. Titilè lisans lan oblije fè yon verifikasyon antesedan regilye sou tout ajan yo.
10. *Ki verifikasyon antesedan mwen dwe divilge pou moun ak antite yo?*
Tout enfòmasyon debaz yo egzije dapre paragaf 935 CMR 500.101(1)(b)(3) epi yo dwe divilge tout lòt enfòmasyon ki ka gen yon korelasyon dirèk avèk aptitud moun yo ak antite yo.
11. *Ki dokiman mwen dwe bay pou montre mwen te vann plis pase 70% nan pwodui nou yo pandan sis mwa ki sot pase yo pou lisans kilti mwen oswa Koperativ Marigwana Atizanal?*
Règleman Komisyon an egzije dokiman ki montre kantite marigwana kiltive ak vann. Dokiman yo ta dwe bay la gen ladann sa yo:
- Rapò Metrc ki montre kilti ak istwa pwodiksyon ki gen ladann yon deklarasyon sou si plant yo oswa envantè te sibi yon evènman katastwofik depi emisyon oswa dènye renouvèlman lisans lan;
 - Istwa peman taks transfè, vant ak enpo endirèk;
 - Envantè ki egziste deja ak istwa envantè;
 - Kontra lavant; epi
 - Tout lòt faktè ki gen pou wè ak asire kilti, pwodiksyon, ak jesyon estòk ki
12. *E si, avèk lisans kilti mwen an, mwen pa t vann plis pase 70% nan pwodui nou yo pandan sis mwa ki sot pase yo?*
Komisyon an ka relege, oswa diminye nivo w la.
13. *Èske mwen bezwen bay yon lis konplè tout pwodui ke nou fabrike anba yon lisans fabrikan*



pwodui?

Wi. Ou dwe divilge yon lis konplè non, kalite, fòm, deskripsyon, ak foto atik pou tout pwodui yo fabrike.

14. Ki dire validite sètifika bòn konduit yo pou aplikasyon pou renouvèlman an?

Sètifika bòn konduit yo valid pou 90 jou. Komisyon an ap konsidere sètifika a valid toutotan li pa gen plis pase 90 jou apati dat yo te soumèt aplikasyon renouvèlman an.

15. E si lisans mwen an ekspire epi mwen pa renouvle?

Lisans lan pa valid ankò, epi titilè lisans lan dwe sispann operasyon yo imedyatman.

16. Èske mwen ka renouvle plizyè lisans alafwa?

Ou ka renouvle plizyè lisans alafwa si yo ekspire pandan menm peryòd tan an. Aplikasyon pou renouvèlman vin disponib 120 jou anvan dat ekspirasyon an epi yo dwe soumèt pa pita pase 60 jou apati dat lisans lan ekspire. Antouka, yo dwe renouvle chak lisans nan sèvi avèk yon aplikasyon renouvèlman separe nan MassCIP la.

17. E si mwen bezwen mande yon chanjman nan pwopriyetè oswa kontwòl, kote, oswa non etablisman an lè li lè pou renouvle?

Ou ka soumèt demann chanjman an an menm tan. Sepandan, renouvèlman lisans lan pral priyorite.

18. Èske m ap bezwen yon enspeksyon anvan renouvèlman lisans mwen an?

Anplwaye Komisyon an fè enspeksyon avèk anons ak san anons detanzantan. Yo ka fè yon enspeksyon, mande dokiman, oswa poze lòt aksyon ankèt, jan sa nesesè.

19. Ki dwa m pou fè apèl si yo refize renouvèlman lisans mwen an?

W ap resevwa yon avi alekri nan men Komisyon an si yo refize aplikasyon renouvèlman w lan. Ou ka mande yon odyans sou refi aplikasyon renouvèlman w lan lè w soumèt yon demann pou odyans alekri nan venteyen (21) jou apre dat efektif ki endike nan avi a.

Si w pa mande yon odyans alè, sa pral reprezante yon renonsman nan dwa pou yon odyans devan Komisyon an ak aksyon final ajans Komisyon an.

VI. Chanjman Lisans

Yon fwa komisyon an bay aplikan an omwen yon lisans pwovizwa, sèten chanjman nan yon lisans dwe apwouve pa Komisyon an anvan chanjman an fèt. Pou youn nan chanjman



pi ba yo fèt, yo pral voye yon aplikasyon pou chanjman sa a akonpaye pa frè ki nesèsè yo bay Komisyon an pou konsiderasyon li. Frè pou chanjman ki pi ba yo idantifye nan dokiman sa a. Chanjman ki premye mande apwobasyon Komisyon an gen ladan sa ki annapre yo:

- Chanjman pwopriyetè ak/oswa kontwòl;
- Chanjman kote;
- Chanjman non; epi
- Chanjman nan estrikti.

Tablo ki anba a bay kèk klarifikasyon sou kalite chanjman sa yo:

Chanjman Lisans	Regilasyon Egzijans	Lòt Enfòmasyon
Pwopriyetè oswa Kontwòl	Anvan nenpòt chanjman pwopriyetè oswa kontwòl kote yo ta dwe ajoute yon nouvo Moun oswa yon antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk, titilè lisans lan dwe soumèt yon demann pou chanjman sa a bay Komisyon an.	Tout moun ak tout antite ki asosye ak chanjman sa a pral oblije sibi yon verifikasyon antesedan epi peye frè ki asosye yo lè yo mande yo. Moun yo pral oblije sibi verifikasyon anprent yo lè yo mande yo. Lòt investigasyon dilijans ka fèt lè yo jije sa apwopriye.
Kote	Anvan li chanje kote l, yon titilè lisans dwe soumèt yon demann pou chanjman sa a bay Komisyon an.	Yon fwa ke yo jije yon aplikasyon pou chanje lokal konplè sou tout pwèn, minisipalite kote titilè lisans lan gen plan pou opere yo pral resevwa notifikasyon epi yo ba li 60 jou pou reponn konsènan konfòmite lisans lan ak òdonans oswa règleman entèn lokal yo. Sa a pral rive menm nan sikonstans kote titilè lisans lan pral enstale l nan nouvo kote nan menm minisipalite a.



Non	Anvan li chanje non l, yon titilè lisans dwe soumèt yon demann pou chanjman sa a bay Komisyon an. Demann pou chanje non, ak apwobasyon alavans, dwe aplike nan yon etablisman ki pwopoze yon nouvo oswa modifye yon non antrepriz aktyèl.	
Estrikti	Anvan nenpòt modifikasyon, renovasyon, ekspansyon, rediksyon oswa lòt chanjman fizik, ki pa kosmetik nan STM lan, etablisman an dwe soumèt demann pou chanjman sa a bay Komisyon an.	

Okenn nan chanjman ki anwo yo pa dwe otorize anvan Komisyon an apwouve l. Absans apwobasyon chanjman sa yo ka lakòz sispansyon, sispansyon, oswa anilasyon yon lisans.

Lòt chanjman nan aplikasyon yon titilè lisans dwe rapòte bay Komisyon an nan senk (5) jou ouvrab dapre 935 CMR 500.104(5) ak 935 CMR 501.104(5). Egzanp chanjman sa yo enkli, men pa sèlman, sa ki annapre yo:

- Chanjman nan enfòmasyon kontak pou biznis la oswa moun ki asosye ak antite;
- Chanjman nan plan, politik, ak pwosedi yo; epi
- Chanjman nan lè operasyon yo.

VII. Konfòmite ak Aplikasyon

Yo egzije tout titilè lisans yo rete an konfòmite total ak lalwa ak règleman ki aplikab yo. Soumèt yon aplikasyon pou lisans oswa emisyon yon lisans reprezante konsantman pou nenpòt enspeksyon. Anplis de enspeksyon ki fèt nan kad pwosesis lisans lan, titilè lisans yo kapab atann yo nenpòt nan bagay sa yo ap rive:

- Enspeksyon anonse;
- Enspeksyon san anons;
- Envestigasyon ki gen rapò ak plent;
- Odit finansye;



- Enspeksyon ki gen rapò ak Pwogram achtè sekre Komisyon an; epi
- Lòt enspeksyon ak envestigasyon ki gen rapò ak konfòmite ak lwa ak règleman ki aplikab yo.

Titilè lisans yo dwe pèmèt aksè imedya nan etablisman an lè yo prezante yon idantifikasyon foto ki dokimante afilyasyon reprezantan Komisyon an ak Komisyon an. Titilè Lisans lan dwe imedyatman sou demann mete a dispozisyon Komisyon an tout enfòmasyon ki ka gen rapò ak yon enspeksyon oswa ankèt sou yon ensidan oswa yon plent. Anplwaye Komisyon an gen otorite pou jwenn aksè nan papye, liv, dokiman, dosye, korespondans, komunikasyon elektwonik yon titilè lisans ak lòt bagay tanjib pou egzamine ak enspekte.

Si non-konfòmite a pèsiste, oswa si gen yon risk pou sekirite piblik, sante, oswa byennèt piblik, yo ka pran mezi egzekisyon sa yo:

- Fonksyon administratif ki gen rapò ak pwodui yo;
- Limitasyon sou lavant;
- Eliminasyon ak entèdiksyon pwodui yo;
- Mizan karantèn pwodui yo;
- Òdonans pou sispann ak absteni;
- Òdonans sispansyon somè;
- Òdonans jistifikasyon;
- Sispansyon yon lisans;
- Anilasyon yon lisans;
- Refi yon renouvèlman lisans; epi
- Yo jije lisans lan anile.

Atik ki anwo yo pa yon lis konplè. Ou ka jwenn enfòmasyon detaye konsènan aksyon administratif yo nan règleman Komisyon an. Si yo andanje, epi kote sa aplikab, titilè lisans yo ka mande yon odyans dapre paragaf 935 CMR 500.500 ak/oswa 935 CMR 501.500.

VIII. Anèks

Anèks A: Òganigram Lisans pou Egzèsè



- Aplikan yo soumèt aplikasyon pou lisans atravè MassCIP.
- Yo egzamine aplikasyon pou lisans selon estati ak dat/lè.
- Aplikan yo dwe soumèt tout enfòmasyon ak dokiman ki nesèsè yo



konfòm ak règleman Komisyon an.

- Aplikan yo ka resevwa demann pou plis enfòmasyon.
- Tout aplikasyon pou lisans yo pral egzamine nan 60 jou apre yo te soumèt yo.

Aplikasyon yo Jije Konplè

- Aplikan yo pral resevwa yon avi yon fwa yo jije aplikasyon yo konplè.
- Aplikan yo dwe peye tout frè pou verifikasyon antesedan epi yo dwe pran anprent tout moun ki nesèsè yo.
- Kominote akèy la a ap resevwa notifikasyon ak yon kopi aplikasyon an. Yo pral bay kominote akèy la 60 jou pou reponn ak konfòmite ak òdonans lokal yo oswa règleman entèn yo.
- Komisyon an pral apwouve oswa refize aplikasyon an pou yon lisans pwovizwa nan 90 jou.

Lisans Pwovizwa

- Aplikan yo pral resevwa yon avi yon fwa yo apwouve pou yon lisans pwovizwa. Avi a pral genyen pwochen etap nan pwosesis lisans lan ansanm ak yon fòm pou mande yon enspeksyon lè li pare.
- Aplikan yo pral peye frè lisans ki nesèsè yo epi yo pral kòmanse anrejistre ajan yo.
- Yo pral fè enspeksyon EM/STM pou asire ke règleman Komisyon an yo respekte.

Lisans Definitif

- Titilè lisans yo pral resevwa yon avi yon fwa yo apwouve yo pou yon lisans definitif. Avi a pral genyen pwochen etap nan pwosesis lisans lan ansanm ak yon fòm pou mande yon enspeksyon lè li pare.
- Titilè lisans yo pral kòmanse antre pwodui nan Metrc, mete etikèt ak anbalaj sou pwodui yo, epi kontinye anrejistre ajan yo pami satisfaksyon lòt egzijans.
- Yo pral fè enspeksyon EM/STM pou asire ke règleman Komisyon an yo respekte.

Kòmanse Operasyon yo

- Titilè lisans lan pral resevwa yon avi ki di li ka kòmanse operasyon yo.



- Titilè lisans dwe kontinye respekte tout lwa ak règleman ki aplikab yo ak enspeksyon yo anonse ak sa yo pa anonse.

Anèks B: Lis Verifikasyon Aplikasyon Lisans

Seksyon Aplikasyon Entansyon

- Lis tout moun oswa antite ki gen kontwòl dirèk oswa endirèk
- Lis tout moun oswa antite k ap kontribiye resous investisman ak deklarasyon labank (yo) oswa lèt (yo) ki soti nan yon enstitisyon finansye pou chak moun oswa antite ki kontribiye resous investisman ki montre prèv lajan ki gen dat nan lespas 60 jou apre soumisyon aplikasyon an (yo obligatwa pou aplikan STM yo montre yon kantite minimòm resous investisman espesifik)
- Divilgasyon ak dokiman nenpòt enterè biznis ki gen rapò ak marigwana andeyò eta a oswa nan eta a pou nenpòt moun oswa antite ki asosye ak aplikasyon an.
- Divilgasyon adrès ki pwopoze pou EM lan ansanm ak dokiman enterè pwopriyete
- Obligasyon oswa Kont ansekès
- Sètifikasyon Akò Kominote Akèy
- Fòmilè Attestasyon Reyinyon Sansibilizasyon Kominotè ak dokiman sipò
- Planifye pou Rete Konfòm ak Òdonans Lokal yo
- Planifye pou gen yon Enpak Pozitif sou Moun ki Afekte yon fason Dispwopòsyonèl
- Kondisyon Espesifik pou Sèten Kalite Lisans
 - Mikwo-antrepriz Marigwana: prèv ki montre rezidans MA pou majorite manm oswa kad yo
 - Koperativ Marigwana Atizanal: prèv rezidans MA pou tout manm ak aksyonè, prèv òganizasyon antrepriz koperativ la, prèv ke yon manm ranpli yon Anèks F (Fòm 1040) oswa yon akò pou lwe tè yon moun oswa yon antite ki te ranpli yon Anèks F. nan 5 ane, ak prèv òganizasyon ki konfòm avèk Sèt Prensip Koperativ yo
 - Marigwana Kourye: divilgasyon ak dokiman nenpòt akò livrezon ak Detayan Marigwana ak nenpòt akò ak yon Founisè Platfòm Teknoloji Tyès-Pati.
 - Operatè livrezon marigwana: divilgasyon ak dokiman nenpòt akò livrezon ak nenpòt Founisè Platfòm Teknoloji Tyès-Pati.



Seksyon Verifikasyon Antesedan

- Lis tout moun ak antite ki te antre nan Aplikasyon Entansyon an.
- Divilgasyon nenpòt aksyon kriminel oswa sivil pase oswa ki annatant, aksyon disiplinè, ak refi lisans pou tout moun ak antite yo.
- Soumèt dokiman obligatwa pou chak moun: (1) pyès idantite gouvènmantal ki valid, (2) Fòm Otorizasyon CORI (Enfòmasyon Kazye Jidisyè), (3) Fòm Divilgasyon ak Otorizasyon; epi
- Fòm Divilgasyon ak Rekonesans

Seksyon Pwofil Jesyon ak Operasyon

- Nimewo Idantifikasyon Biznis Massachusetts ak nenpòt enfòmasyon D/B/A, si sa aplikab
- Kopi Atik Òganizasyon ak Règleman Entèn/Akò Fonksyonman
- Sètifika Bòn Konduit ki soti nan Depatman Revni, Sekretè Commonwealth la ak Depatman Asistans Chomaj
- Plan Biznis
- Pwopozisyon kalandriye pou vin operasyonèl
- Planifye pou jwenn asirans responsablite limite
- Rezime Plan Operasyon, Règleman, ak Pwosedi sa yo:
 - Plan sekirite
 - Plan Envantè
 - Plan Depo
 - Plan Transpò
 - Planifye pou restriksyon aksè a 21 ane
 - Plan Prevansyon Detounman
 - Kontwòl Kalite ak Pwosedi Tès
 - Politik Pèsonèl la
 - Politik pou Kenbe Dosye yo
 - Politik Antretyen Dosye Finansye yo
 - Kalifikasyon ak fòmasyon Anvizaje
 - Plan Divèsite
 - Plan Konfòmite Enèjetik
- Kondisyon Espesifik pou Sèten Kalite Lisans
 - STM: plan kilti, lis pwodui yo dwe fabrike, metòd pwodiksyon, plan sekirite, ak echantiyon mak idantifikasyon inik.
 - Kiltivatè Marigwana: plan kilti
 - Fabrikasyon pwodui abaz marigwana: plan pou jwenn marigwana, lis pwodui yo dwe fabrike, metòd pwodiksyon, plan sekirite, ak echantiyon mak idantifikasyon inik.
 - Detayan Marigwana ak Operatè Livrezon Marigwana: plan pou jwenn marigwana ak pwodui abaz marigwana ak plan distribisyon



- Mikwo-antrepriz Marigwana: plan kilti (si l ap kiltive), plan pou jwenn marigwana (si l p ap kiltive), lis pwodui yo dwe fabrike, metòd pwodiksyon, plan sekirite, ak echantiyon mak idantifikasyon inik (si l ap pwodui)
- Koperativ Marigwana Atizanal: plan kilti, lis pwodui yo dwe fabrike, metòd pwodiksyon, plan sekirite, ak echantiyon mak idantifikasyon inik.
- Laboratwa Tès Endepandan: ISO 17025:2017 sètifikasyon
- Marigwana Kourye ak Operatè Livrezon Marigwana: plan livrezon
- Etablisman Konsomasyon Sosyal: plan adisyonèl obligatwa—tanpri gade dokiman konsèy yo.
- Orè operasyon yo pwopoze (aplikan livrezon yo ta dwe okouran de restriksyon tan operasyonèl yo)
- Kontak ijans (yo)

Seksyon Frè Aplikasyon an

- Soumèt frè aplikasyon ki nesèsè yo

Kesyon?

Si w gen lòt kesyon konsènan Konsèy sa yo sou Plan Divèsite yo, tanpri kontakte Komisyon an nan Commission@CCCMass.com oswa (774) 415-0200.

